

Créole 1

Juillet 2023

Kèk varyete mango san lè disparèt nan peyi d Ayiti

Nan peyi d Ayiti, lè w byen gade, ou kapab wè gen anpil espès mango. Mango ki nan Grandans se pa li nou jwenn Nodwès. Mango ki nan Nodès, se pa li ou jwenn nan depatman Sid. Bagay ki enteresan ankò, chak lokalite gen espès mango pa li ki pa kamarad mango okenn lòt kote. Nan diskisyon ant bon Ayisyen yo toujou di mango lakay yo pi bon pase mango lòt kote yo.

Jounen jodi a, moun k ap fè pepinyè mango, kèlkeswa kote yo ye, travay sèlman ak 4 ou 5 espès mango. Prèske tout kote ki gen pepinyè, yo plis plante grenn mango Fransik, mango kòn, mango Batis ak mango Jan Mari. Konsa, yo neglije fè pepinyè yon bann varyete mango ki gen anpil enpòtans pou anviwonman peyi a.

Si pratik sa a pèsiste, Ayiti ap pèdi yon bon pati nan biyodivèsite li nan zafè mango. Si sa ta rive, se t ap vrèman domaj. Gen anpil espès mango nou jwenn yo sèlman an Ayiti. Sa vle di yo se espès andemik. Men tou, gen anpil ladan yo moun pa konnen ki se yon mèvèy lanati. Si nou konsidere gou yo ak koulè yo. Mango sa yo ka disparèt nèt si sa kontinye konsa. Jan nou sot di li a, gen anpil espès mango nou jwenn an Ayiti se Ayiti sèlman ki genyen yo sou latè. Nan kad yon pwojè resansman kòrèk, chak komin ta dwe konnen tout kalite mango li gen lakay li, kit se yon bon kalite, kite se yon move kalite...

Kreyòl sou tout fòm Volume I, Samuel Jean-Baptiste

I. Kesyon sou tèks la

Li tèks la epi reponn kesyon sa yo sòti nan kesyon 1 pou rive nan 5.

1. Jwenn yon lòt tit pou tèks la.

2. Esplike sans fraz sa a: « Gen moun ki fè pepinyè mango. »

3. Bay senk (5) espès mango nou jwenn an Ayiti ki pa site nan tèks la.

4. Daprè tèks la, kisa ki ka fè Ayiti pèdi nan biyodivèsite mango li?

5. Daprè ou menm, kisa w panse Leta te ka fè pou konsève tout espès mango nou gen nan peyi a?

II. Vokabilè – Òtograf – Gramè

Antoure lèt ki devan bon repons lan, soti nan kesyon 6 pou rive nan 13.

6. «Mari se krabè Janin.» Mo ki gen menm sans ak mo souliye se:

- a) Nivo
- b) Kòkòday
- c) Zantray.
- d) Lènmi

7. «Mari doktè lontan.» Tip predika nou jwenn nan fraz sa a se:

- a) Predika vèbal
- b) Predika adjektival
- c) Predika nominal
- d) Predika advèbyal

8. Lis mo ki nan lòd alfabetik la se:

- a) Abite-abitye-abitid-abitasyon
- b) Abitasyon-abite-abitye-abitid
- c) Abitasyon-abite-abitye-abitid
- d) Abitid-abite-abitasyon-abitye

9. «Tout peyi a te pran lari.» Figi estil ki gen fraz sa a se:

- a) Metonimi
- b) Konparezon
- c) Pleyonas
- d) Metafò

10. «Manno fè travay la.» Fraz sa a gen aspè:

- a) Inakonpli
- b) Akonpli
- c) Iteratif
- d) Pwospektif

11. «Timoun yo pa bezwen vini jodi a.» **Tip fraz sa a se:**

- a) Deklaratif
- b) Intèwogatif
- ch) Eksklamatif
- d) Enperatif

12. «Pyès moun pa tande mesaj la.» **Pwonon souliye a se:**

- a) Pwonon defini
- b) Pwonon pèsone
- ch) Pwonon entèwogatif
- d) Pwonon endefini

13. **Jwenn konkòdans tan ki nan fraz sa a:** «Klas la te vid lè pwofesè a rantre».

- a) Prezan+Pase
- b) Pase+Prezan
- ch) Fiti+ Pase
- d) Pase+Fiti

14. **Ekri kat (4) mo ki gen rapò ak tèm «metye» an kreyòl Ayisyen.**

- a) _____
- b) _____
- ch) _____
- d) _____

15. **Nan fraz sa a:** «Pwofesè a ka vini jodi a.» **Kisa oksilyè ki souliye a eksprime?**

16. **Fòmè yon mo nouvo ak radikal mo sa yo.**

- a) Van: _____
- b) Mòd: _____
- ch) Fèt: _____
- d) Chèn: _____
- e) Mond: _____

17. **Itilize mo «san» pou ekri 2 fraz.**

a) Sans figure: _____

b) Sans pwòp: _____

18. **Esplike pwovèb kreyòl sa a,** «Lawouze taye banda toutan solèy poko leve.»

19. **Pwodui yon fraz ak yon advèb manyè.**

III. Pwodiksyon ekri

20. **Chwazi youn nan de (2) sijè sa yo epi devlope l ant 15 rive 20 liy.**

1. Ekri yon tèks pou ou eksplike jan sa konn pase lè sezon mango nan lokalite w la.
2. Si ou ta vin minis komès, di kisa ou pral fè pou devlope endistri mango a an Ayiti.

Yon grandon nan bouk la

Se te yon fwa, Malefis, yon nèg ki te rich anpil. Li te chita sou yon dodin lakay li, li t ap kabicha. Te gen yon silans ki te layite kò li tout longè nan bouk la.

Tout moun t ap fè lasyès eksepte solèy la ki t ap travay an pèmanans. Ou ta pèmèt ou ou leve Malefis nan dòmi, li ta ka touye w ! Li te tchak anpil. Li te malfezan. Se sa ki fè yo te rele li Malefis.

Konsa, apre tout sa, li te fin manje yo, fò dòmi ta pran l. Li te frape yon gwo plat mayi moulen ak pwa, de grenn bannann, twa patat ak yon poul poukont li. Kou l fini, pou desè, li te desann yon bokit plen mango kòn. Epi, li te voye tout ale ak de gwo gode plen ji chadèk.

Kounye a, li t ap wonfle. Marengwen ki t ap pase bò kote l chape pou l yo lè yo tandè gwosè wonfleman sila a. Ou ta di yon gwo kabann somyè y ap trennen sou yon planche anbwa [...]

Frantz Waimnwright, ed. Mapou Ekstrè Bonifas ak Malefis, koleksyon 2009.

I. Kesyon sou tèks la

Li tèks la epi reponn kesyon sa yo sòti 1 rive nan 5.

1. Otè a prezante nou grandon an kòm yon malfektè, bay 4 lòt defo li genyen.

Defo	Fraz
1)	
2)	
3)	
4)	

2. Di kisa mo grandon vle di an kreyòl.

3. Eksplike sans fraz sa a nan tèks la. «Tout moun t ap fè lasyès, eksepte solèy la ki t ap travay an pèmanans.»

4. Ki prekosyon yon moun ta dwe pran ak Malefis si ou pa vle gen pwoblèm ak li?

5. Jwenn de (2) konsèy ou ka bay yon moun ki tankou Malefis.

II. Vokabilè – Òtograf – Gramè

Antoure lèt ki devan bon repons lan, sòti nan kesyon 6 pou rive nan 13.

6. Li t ap kabicha. Aspè nou jwenn nan fraz sa a se:

- a) Enkoratif
- b) Inakonpli
- ch) Akonpli
- d) Iteratif

7. Fraz deklaratif la se:

- a) Poukisa li ta ka touye w?
- b) Li panse li ta ka touye w.
- ch) Li ta ka touye w!
- d) Pa kite li touye w.

8. Fraz ki genyen konpleman objè dirèk la (KOD) se:

- a) Li t ap fè lasyès.
- b) Li te malfezan anpil.
- ch) Lasyès li fèk kòmanse
- d) Ala mesye malfezan papa!

9. «Te gen yon silans ki te layite kò li tout longè.» Figi estil nou jwenn nan fraz sa a se:

- a) Konparezon
- b) Metonimi
- ch) Pèsonifikasyon
- d) Metafò

10. Li te chita sou yon dodin lakay li. Mo ki souliye nan fraz sa a se:

- a) Pwonon pèsònèl
- b) Adjektif posesif
- ch) Adjektif demonstratif
- d) Atik defini

11. Fraz ki gen predika adjektival la se:

- a) Li te tyak anpil.
- b) Li te manje anpil.
- ch) Li te nan dodin li.
- d) Li te lakay li.

12. Fraz ki gen mòd kondisyonèl la se:

- a) Ou ka di se yon kabann somyè y ap trennen.
- b) Ou mèt di se yon gwo kabann somyè y ap trennen.
- ch) Ou te di se yon gwo kabann somyè y ap trennen.
- d) Ou ta di se yon gwo kabann somyè y ap trennen.

13. «Marengwen ki t ap pase bò kote l chape poul yo.»

Gwoup mo ki souliye nan fraz sa a se:

- a) Yon propozisyon sibòdone konpletiv.
- b) Yon propozisyon sibòdone relatif.
- ch) Yon propozisyon sibòdone entèwogatif.
- d) Yon propozisyon sibòdone sikonstansyèl.

14. **Jwenn uit (8) mo nan tèks la ki rantre nan chan leksikal «manje».**

15. **Mete an kreyòl.**

- a) Son voisin et sa voisine _____
- b) Ta marraine _____
- ch) La frontière _____
- d) La géologie _____

16. **Chèche 2 sinonim nan tèks la pou chak mo sa yo:**

- a) Bafle: _____
- b) Kabicha: _____

17. **Bay 2 mo derive pou chak rasin.**

- a) Wonf: _____
- b) Rich: _____

18. **Transfòme fraz anba a an diskou endirèk.**

Dam nan di: «Mwen pa pè malveyan yo rele Malefis la paske li pa ka fè m anyen.»

19. **Pwodui de (2) fraz ak mo manje kote sans lan diferan nan chak fraz.**

III. Pwodiksyon ekri

20. **Chwazi youn nan de (2) sijè sa yo epi devlope l ant 15 rive 20 liy.**

- 1. Ou konnen yon moun yo pè bò lakay ou paske li pa janm nan griyen dan ak moun. Epoutan, moun sa se yon bon moun ki pa mechan men fòk ou zanmi li pou ou wè sa. Fè pòtrè moun sa a.
- 2. Ekri yon zanmi ou pou pale li kijan egzamen kreyòl te pase pou ou.

Dwa moun andikape yo nan peyi d'Ayiti

Pwomosyon ak respè dwa moun andikape yo nan kè tout deba k ap fèt sou dwa moun nan peyi Ayiti. Menm jan sa fèt nan anpli lèt peyi, gouvènman ak sosyete sivil ayisyen an ankouraje tout moun mete bon jan dispozisyon ki pou pèmèt moun andikape yo patisipe san pwoblèm nan tout sa k ap fèt nan peyi a sou plan politik, sosyal, ekonomik, kiltirèl... Men, se pa tout moun ki konnen sa ki genyen nan kad legal ayisyen an sou zafè andikap la, yo poko respekte dwa moun sa yo ase.

Genyen de (2) tèks jiridik entènasyonal sou pwoteksyon dwa moun: konvansyon peyi amerik yo pou elimine tout fòm diskriminasyon kont andikape yo ki te sòti nan dat 7 Jen 1999 (Asanble nasyonal ayisyen an ratifye 12 mas 2009). Premye atik konvansyon sa a defini andikap la konsa: «Tèm andikap la se sitiasyon yon moun ki pa byen devlope swa nan kò l, swa nan lespri l, oubyen moun ki gen kèk sans ki pa mache byen, kit se pou toutan, kit se pou yon ti tan. Pwoblèm sa a anpeche moun nan fè youn oubyen plizyè aktivite ki enpòtan nan lavi l chak jou. Kapab se anviwònman sosyal ak ekonomik moun nan ki lakòz pwoblèm nan oubyen ki fè l vin pi grav.»

Konvansyon Nasyon Zini adopte nan dat 13 desanm 2006 sou dwa moun andikape yo (asanble nasyonal ayisyen yo ratifye l 12 mas 2009). Li detaye tout aksyon Leta yo ta dwe mete kanpe pou garanti dwa ak libète fondamental moun k ap viv ak andikap.

Se lwa 13 mas 2012 la ki reprezante kad legal ayisyen an sou zafè andikap la. Li pale sou entegrasyon moun andikape yo nan sosyete a. Li fè Leta ayisyen an obligasyon pou l kreye enfrastrikti ki reponn ak nom aksesibilite inivèsèl yo. Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl dwe kreye kondisyon pou lekòl yo resevwa timoun andikape yo epi egzije pou yo respekte dwa yo.

Ekstrè ki sòti nan tèks MENFP ok Biwo Sekretèri Leta Entegrasyon Moun Andikape (MENFP ak BSEIPH)

I. Kesyon sou tèks la.

Li tèks la epi reponn kesyon sa yo soti nan kesyo 1 rive nan 5.

- Endike, dapre tèks la, ki tèks jiridik trete zafè andikape nan peyi d Ayiti.
- Esplike sans ekspresyon sa a: "Entegrasyon moun andikape nan sosyete a.

- Bay 2 fason ki montre jan Ministè Edikasyon Nasyonal ka kreye kondisyon pou respekte dwa moun andikape yo.

- Ki lide ki travèse konvansyon Nasyon Zini 13 desanm 2006 la sou dwa moun andikape yo?

- Ekri yon tit sou liy anba a pou bay tèks la.

- Di ki tip tèks la ye.

II. Vokabilè – òtograf – Gramè

Antoure lèt ki devan bon repons lan soti nan kesyon 6 rive nan 10.

- Sans ekspresyon sa a se: "Met dlo nan diven".

chèche

poze

gide

frape

- Kontrè mo ki souliye nan fraz sa a se: Jaklin di koze

avivwa

ak tout fàs

san konnen

an kachèt

pou plezi

- Lis mo ki nan lèd alfabetik la se :

a. Konsonmen – konsiltasyon – kondisyon – kontravansyon

b. Kontravansyon – kondisyon – konsonmen – konsiltasyon

ch. Konsiltasyon – konsonmen – kondisyon – kontravansyon

d. Kondisyon – konsiltasyon – konsonmen – kontravansyon.

- Krapo a di bèf la konsa: «ou wè m prèske rive?» Figi estil gen nan fraz sa a se

a. konparezon

ch. antonomaz

b. pèsonlfkasvon

d. pleyonas

- Misye gentan manje. Fraz sa a gen aspè:

a. iteratif

ch. akonpli

b. pwospektif

d. inakonpli

- Eksplike sans pwovèb sa a. "Granmesi sitwon se kout gòl."

12. Itilize mo "nwa" pou fè 2 fraz.

a. Sanspwòp :

b. Sans figure:

13. Pwodui yon fraz diskou dirèk.

14. Ekri kat (4) mo selon òtograf kreyòl ayisyen an ki gen rapò ak tèm " *travay*".

a. ch.

b. d.

15. Pwodui yon fraz ak yon advèb negasyon.

16. Fòme yon mo nouvo avèk chak radikal sa yo:

peyi balon:

ran tè

pous :

17. Pwodui yon fraz nan tan pase ak mòd kondisyonèl.

18. Di ki tip predika ki gen nan fraz sa a: *Demwazèl sa a serye anpil.*

19. Fòme yon fraz ak chak pwonon entèwogatif sa yo.
"Kisa"

"Ki lès"

III. Pwodiksyon ekri

20. Chwazi youn nan sijè anba yo epi devlope nan 15 rive 20 liy.

1. Ekri yon tèks agimantatif pou defann dwa timoun andikape yo nan lekòl ayisyen.

2. Ekri yon moun ki andikape pou ankouraje l ak lavi a.

Tan se tankou yon cheval kip a onte, si ou vle mache fò w kontwole li. Si ou gen kontwòl tan w l ap pi fasil pou redui estrès ou, pou w fè pi bon nòt e pou paran w fè ou plis konfyans.

Kounye a ou jèn, konnen plis w ap gen plis laj, se plis w ap vin gen plis bagay pou fè. Li pi bon pou kòmanse òganize tout bagay kounye a olye w ap tann pi devan! Eseye fè lavi w vin pi senp; fè yon pwogram regilyèman sa ape de ou nan sans sa a. fè lis tout sa ou gen pou fè e respekte pwogram ou. Lè ou vin gen yon bagay kip a t nan pwogram nan pou fè, ou menm ak youn nan paran yo ekri l pou n ka wè jan youn ka ede lòt atenn objektif li.

Imajine fanmi w pral fè yon vwayaj nan machin. Si chak moun annik voye zafè yo nan kòf machin nan, li posib pou pa gen ase plas pou tout moun. Kisa nou ka fè? Kòmanse mete pi gwo valiz yo anvan. Epi n ap jwenn kote pou n met ti valiz yo nan rès plas ki rete a.

Ou ka fè menm bagay lapou jere tan ou. Si ou pase tan w ap fè yon seri bagay ki pa enpòtan, ou riske pa jwenn tan pou fè sa ki pi enpòtan yo. Fè pi gwo bagay yo anvan e w ap sezi wè tout tan ou genyen pou fè rès sa ou genyen pou fè yo.

Marie Feguë Verna, Prevot (*konsèy pou jèn yo, Edisyon 2021*)

I. Kesyon sou tèks la.

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 ak 2.

- Lavi ou ka vin pi senp si ou fè pwogram
 - yon lè konsa
 - lè ou sonje
 - Toutan
 - chak mwa
- Dapre tèks la, atenn objektif ou vle di sa w te gen pou fè ki nan pwogram ou
 - reyalize nèt
 - pa reyalize ditou
 - ch.reyalize an pati
 - p ap janm reyalize
- Jwenn nan tèks la epi ekri li sou liy anba yo, kote otè a fè yon konparezon.

4. Ekri yon tit sou liy anba a pou bay tèks la.

5. Eksplike sa otè a vle di lè li pale de bagay ki pi enpòtan.

II. Vokabilè – òtograf – Gramè

Ekri nan kaz repons lan, lèt kolòn B a ki koresponn ak chif nan kolòn A a pou kesyon 6 rive 9.

6. Jwenn yon kalite predika pou chak fraz sa yo.

A	
Fraz	
Kawòl estrese lontan.	1
Franswa nan machin nan.	2
Michlin direktris lekòl.	3
Gadyen an devan baryè a.	4

B	
Kalite predika	
a	Nominal
b	Vèbal
ch	Adjectival
d	Prepozisyonèl
e	Advèbyal

Repons	1	2	3	4
6				

7. Jwenn yon kopleman sikonstansyèl pou pati souliye nan chak fraz sa yo.

A	
Fraz	
Guerda al achte bèf chak semèn	1
Lickson rantre nan mache a.	2
Komè Ján te malad, li pa t kapab ale kay doktè.	3
Komè Jeanne te leve bonè pou li ale kay doktè.	4

B	
Konpleman sikonstansyèl	
a	Mannye
b	Tan
ch	Bi
d	Kòz
e	lye

Repons	1	2	3	4
7				

8. Jwenn yon figi estil pou chak fraz sa yo.

A	
Fraz	
Mwen gen yon syèk depi mwen kanpe la a ap tan ou	1
Manman m di m ale, frè m nan di m rete.	2
Tout Pòtoprens kanpe sou de ran	3
Gen yon gwo leve kanpe nan site drapo a.	4

B	
Figi estil	
a	Antitez
b	Perifraz
ch	Anafò
d	Ipèbòl
e	Metonimi

Repons	1	2	3	4
8				

9. Jwenn yon aspè tan pou chak fraz sa yo.

A		B	
Fraz		Aspè	
Nan jou sa yo, anpil frè ak sè nou yo sou bèlè ap tann sekou.	1	a	Pwospektif
Chak jou, y ap touye yo, y ap boule kay yo.	2	b	Diratif
Se yon sityasyon k ap kontinye.	3	ch	Iteratif
bonDye pral frape pye li.	4	d	Enpèfektif
		e	Ponktyèl

Repons	1	2	3	4
9				

10. Ranplase nan parantèz anba yo chak mo souliye ak yon varyasyon fonolojik.
- Rita pase nan chemen ki pi kout la ()
 - Sara pa vle pase, la a gen twòp vòlè. ()
 - Li prefere monte mn nan. ()
11. Ekri nan parantèz yo *sp* lè mo souliye a nan sans pwòp li, *sf*, lè mo souliye a nan sans figre pou chak fraz anba yo.
- Fara sot kraze () yon asyèt lam ak pwason, lè li fini li kraze () asyèt la.
 - Bòs mason an kraze () mi kay la, pou li refè l.
12. Ranplase nan parantèz yo chak ekspresyon souliye ak yon mo sinonim.
- Tout kandida sa yo se chen ak chat. ()
 - Yon vle mete pikan kwenna sou wout lòt. ()
13. Ekri de (2) tan ou jwenn nan faz sa a.
Si m te gen lajan, mwen t ap achte yon bèl vwati.
14. Souliye konjonksyon kowòdinasyon ki nan fraz anba yo.
- Mesye k ap anseye yo, yo rele yo pwofesè oubyen anseyan.
 - Medam yo etidye nan lekòl nòmal epi yo diplome kòm jadinyè.
15. Genyen nan fraz sa yo ki gen konpleman non, souliye yo.
- Chilove mete pantalón papa l la.
 - Pantalon an byen koud, li bèl.
 - Ch. Pantalon Chilove yo sal
16. Li tèks sa a, epi ekri korèkteman mo ki mal ekri yo nan òtograf ofisyèl kreyòl la.
Lè ou sot lekòl, ou vle annique passe quèk minit devan tele ou pou relax ou. Oswa ou fin planifie pou ou etidie pou yon egzamen nan demen.

17. Konstwi sou chak liy anba yo, yon fraz selon tan ki endike a

- tan pase.

b. Tan fiti

18. Pwodui yon fraz nan diskou dirèk.

19. Esplike sans pwovèb sa a.

La fimèn pa janm sòti san dife.

III. Pwodiksyon ekri

20. Chwazi youn nan de sijè sa yo, epi devlope l nan 15 rive 20 liy.

- Vakans pral rive, ou ta renmen reyalize yon pakèt bagay,. Ekri yon tèks pandan w ap fè yon pwogram pou montre fason w ap jere tan ou.
- Ou ap viv sityasyon kote jèn yo ap gaspiye tan yo nan fè tout bagay ki p ap rapòte anyen. Sinon gache avni yo. Ekri yon tèks pou konseye yo sou fason yo dwe itilize epi jere tan yo pou fè bon bagay k ap asire demen yo.

Pa gade moun sou aparans

Nan tan lontan, wa Frans lan te nan gè avèk wa Espay. Wa chak peyi yo te toujou ap chèche yon pretèks pou atake lòt peyi a. Yon jou, nan kòmansman mwa me, wa Espay ekri wa Frans pou di li, li menm ak wo eta majò lame li a ap antre an Frans, men se pa lagè l ap vin fè avèl, se lapè lap vin siyen avèl; men pou sa byen pase nan manje ou ap prepare pou nou an, se vyann bèf n ap manje. Alò m ap fè ou konnen, nou p ap manje ni vyann gazèl, ni vyann vach, ni vyann towò.

Wa Frans reyini tout moun ki gen konesans nan peyi li, tout gran ki nan wayòm nan, tout mjisyen ki gen nan peyi a pou di l kisa pou l fè. Jou ale jou pa vini, brase lide sou brase lide, manje ak bwason ap gaspiye, pèsòn pa wè ki repons pou wa a bay antagonis li a.

Lè yo rive nan fen dezyèm semèn wa jen, gen yon peyizan yo rele Sipleon ki te konn pote pitimi ak mayi pou pijon, pou lak lòt bèt volay kay wa a pou yo manje. Lè Sipleon tandè nan ki akwochay wa a pran, li deside rann yon vizit bay wa li, patwon li, sa k pou di ou si li pa jwenn yon ti konsèy pou wa a, yo di analfabèt pa bèt.

Lè payizan an rive devan barye kay wa a, li frape pèsòn pa louvre pou li, kòm se yon kote li te abitye antre. Lè sa a peyizan an frape pi fò toujou. Lè wa a tandè barye a ap frape, li mande kilès k ap frape konsa a ? Sòlda ki t ap gade di : se peyizan ki konn pote manje pou bèt yo, wa di « fèl antre »

Lè li fin antre, li di. « Mwen vle wè wa mwen » yo mennen l bay wa a. Rive devan wa a li di: “Kisa kip ase menm, mon wa » ? Lè yo fin rakonte kisa bagay la ye, li di : “Mon wa ou pa bezwen pè ». Men sa wap fè : ekri wa Espay, di li ou pare pou li, ou ap tann li. Men, pa vini ni lannuit ni lajounen. Tout moun bat bravo, yo leve Sipleon anlè; wa a leve l al manje, pwoblèm nan jwenn solisyon.

Otè enkonni, Edisyon 2020

I. Kesyon sou tèks la.

Antoure lèt ki devan repons kòrèk lan pou kesyon 1 ak 2.

1. Wa Frans ak wa Espay te vle rankontre pou
 - a. yo te kontinye fè lagè
 - b. yo te ka siyen lapè
 - ch. yo te planifye lagè pou lòt peyi.
 - d. sekirite wo eta majò de peyi yo.
2. Wa Espay la di
 - a. lap manje tout kalite bèf.
 - b. li papa manje bèf.
 - ch. La manje vyann towò bèf.
 - d. li pap manje ni gazèl, ni vach, ni towò

3. Jwenn tip tèks la.

II. Vokabilè – òtograf – Gramè

Ekri nan kaz repons lan, lèt kolòn B a ki koresponn ak chif nan kolò A a pou kesyon 4 ak 5.

4. Jwenn yon varyasyon leksikal pou chak mo ki souliye nan fraz yo.

A		B	
Josèf ap pran yon ti anmizman	1	a	Bonm
Jan kraze tenbal Janin nan.	2	b	Pistach griye
Se nan kaderik la Simòn fè bouyon an.	3	ch	Soup pen
Leyòn pral fè yon pannad.	4	d	Bichèt
		e	Pòt

Repons	1	2	3	4
6				

5. Jwenn yon kalite predika pou chak fraz sa yo.

A		B	
Matin ap travay	1	a	Predika nominal
Moyiz prezidan repiblik Dayiti	2	b	Predika adjektival
Nou tout nan peyi a	3	ch	Predika advèbyal
Pèp la malad	4	d	Predika prepazisyonèl
		e	Predika vèbal

Repons	1	2	3	4
7				

6. Ekri senk mo ki gen menm òtograf an kreyòl ak an fransè.

7. Rekri fraz anba yo pandan ou ap fè kontraksyon.
 - a. Mesye Mak pa la, li ale Pestèl ak tout fanmi li.

b. Mwen ap aple avèk ou, lè ou retounen.

8. Idanfye kalite advèb ki nan fraz sa yo nan parantèz yo.
 - a. Melisa soti l ap vini tousuit (*advèb*)

b. Avan l ale, li te bwè enpe nan ji a (*advèb*)

9. Transfòme fraz sa a nan diskou endirèk.

Travayè faktori yo di : “*nou pral travay, menm si gen konfinman*”

10. Chwazi youn nan de sijè sa yo, epi devlope l nan 15 rive 20 liy.
- a. Yon zanmi ou te envite ou nan kòmansman mwa mas la pou te vin pase ak li nan yon vil pwovens nan peyi a. Ou pa kapab aksepte envitasyon an paske gen konfinman sou tout repiblik la. Ekri li pou
- . remèsye li pou envitasyon an.
 - . eskize li dèske ou pa kapab vini.
 - . Ba li rezon kif è ou pa kapab reponn ak envitasyon an.
- b. Nou nan peryòd mango, ki se yon fwi. Ou renmen fwi anpil. Di ki fwi ou pi renmen, ekri yon tèks pou pale de pyebwa ki bay fwi sa a.

Fanm vanyan

Se te yon manman ak yon pitit fi ki te abite nan yon katye yo rele Twousab. Manman an te rele Elisya, li te gen yon ti non grann. Pitit fi a te rele Tinennenn, li te gen nèf lane. Li te enteresan anpil, li te konn ede manman l nan tout sa l ap fè. Elisya te renmen timoun anpil, se pou tèt sa Tinennenn ak manman l se te de bon zanmi. Malgrè tout eskiz manman ti fi a te fè, li pat janm sispann poze kesyon sou papal. Papa Tinennenn te pati ale chache lavi miyò aletranje depi lè pitit la te nan vant. Ti fi a pat janm gen chans rekonèt papa li. De twa lane pase, Tinennenn vin gen plis lespri, li rekòmanse poze manman l menm kesyon an.

« Tout mande, mwen mande w pou papa m ou pa janm vle din m, ou toujou vle pou nou pran yon lòt pawòl » Manman an reponn ou poko gen laj pou ou konprann mwen cheri. Tinennenn di Elisya : « Men manman, mwen kwè mwen ase gran pou ou ban m espikasyon sou papa m. di mwen non, èske papa m pa renmen nou ? »

Lè manman tande sa, li pran Tinennenn nan bra li, li di : « Cheri pinga ou janm panse yon bagay konsa, se pa renmen li pa renmen nou cheri, se travay li ki pa ba li tan. » Tinennenn reponn : « Mwen dakò travay li pa ba li tan, men yon lè li ta panse vin wè nou. » Manman an di li : « Men cheri si papa ou ap travay tou tan, se paske li vle ou genyen yon demen miyò »

Lè manman an tande sa, li si tèlman kontan ak sa tifi a di, li rete se dlo k ap kouri nan je li, epi manman di ti fi a : « Cheri ou banm kouraj pou mwen kontinye fè sa fè sa mwen kòmanse fè pou ou a ».

Nou menm tou, nou ka bay manman nou kouraj, menm jan Tinennenn fè a nou pa oblije di sa ti fi a di a, men yon senp jès damou ka montre manman nou afeksyon nou gen pou li.

Sabrine St Claire N

I. Kesyon sou tèks la.

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 rive nan kesyon 3.

- Tèks ou sot li a genyen
 - 4 pèsónaj
 - 3 pèsónaj
 - 2 pèsónaj
 - 1 pèsónaj
- Daprè tèks la, Elisya ak Tinennenn sete
 - 2 moun ki pa t ka antann.
 - 2 moun ki te toujou nan pale anpil.
 - 2 bon zanmi kite gen anpil afeksyon
 - 2 bon zanmi ki pat gen afeksyon
- Tèks sa a se

a. yon enfòmasyon	ch. yon narasyon
b. yon kont	d. yon deskripsyon

- Jwenn nan tèks la pawòl ki te fè dlo kouri nan je Elisya.

- « Si papa ou ap travay toutan, se paske li vle ou gen yon demen miyò ».

Esplike fraz sa a selon lide pa ou. 4 liy.

II. Vokabilè – òtograf – Gramè

Ekri nan kaz repons lan chak lèt kolòn B a ki koresponn ak chak chif nan kolòn A a pou kesyon 6 rive nan 10.

- Jwenn sinonim chak mo sa yo.

A	
Diyite	1
Akò	2
Èd	3
Peyi	4

B	
a	Antant
b	Konkou
ch	Discipline
d	Lakay
e	Prestij

Repons	1	2	3	4
6				

- Jwenn fraz ki koresponn ak pilye sa yo.

A	
Manzè pete kouri.	1
Mèt la la.	2
Papa m se senatè.	3
Timoun yon kontan.	4

B	
a	Pilye adjektival
b	Pilye nominal
ch	Pilye vèbal
d	Pilye prepozisyonèl
e	Pilye advèbyal.

Repons	1	2	3	4
7				

- Jwenn fraz ki koresponn ak rapò tan sa yo.

A	
Jak ap diw sa li konprann	1
Remonte lopital la, ou pa t wè l	2
Li sot wè marenn li ki pra l vwayaje.	3
Mwen te malad mwen geri.	4

B	
a	Pase / kondisyonèl
b	Pase / fiti
ch	Prezan / prezan
d	Pase / pase
e	Pase / prezan

Repons 8	1	2	3	4

9. Asosye chak pwovèb kreyòl ak pwovèb franse ki ale avè l.

A		B	
Qui rien ne voit de rien se doute.	1	a	Jan l pasa l pase.
Mieux vaut peu que rien.	2	b	Fèze nat fè nat li dòmi atè.
Les cordonniers sont les plus mal chaussés.	3	ch	Bay piti pa chich.
Adviene que pourra.	4	d	Depi chat pa la rat pran kay.
		e	Sa je pa wè kè pa tounen.

Repons 9	1	2	3	4

10. Fè de (2) fraz ak mo **priye** youn nan sans pwòp lòt la nan sans figire.

1. Sans pwòp.

2. Sans figire

11. Ekri bò kote mo sa yo pwosede ki itilize pou fòm yo.
Dekonm

Manman-Lajan

Deranje

12. Ekri non figi estil ou jwenn nan fraz sa yo.

a. Mwen wè papa m avèk de je mwen.

b. Lanmou se feblès.

13. Chanje diskou fraz sa a an diskou endirèk.

Jak di mwen : « Tout mande, mwen mande ou pou papa m, ou pa janm vle di m, ou toujou vle pou pran yon lòt pawòl »

14. Souliye adjektif nimeral ki nan fraz sa.

Premye dam nan se yon fanm vanyan.

15. Mete fraz sa a sou fòm kontrakte.

Cheri, si papa ou ap travay toutan, se paske li vle ou genyen yon demen miyò.

16. Pwodui yon fraz ki gen aspè diratif

17. Nan ti tèks sa a gen mo ki mal ekri, souliye yo epi ekri yo nan liy anba yo nan òtograf ofisyèl kreyòl la.
Pierre se yon docteur ki très sage, li renmen resevwa moun bien nan klinik li. Si ou tombé malade lannouit ou ka rele li, li pa p gen problème pou sa, la p pran soin w.

18. Pwodui yon fraz ak konjonksyon kowòdinasyon “**epi**”

19. Esplike sans pwovèb sa a : *Ti bebe ki pa kriye pa bezwen tete.*

III. Pwodiksyon ekri.

20. Chwazi youn nan sijè sa yo, epi devlope li nan do fèy la ant 15 rive 20 liy.

1^e Manman ou se yon fanm vanyan. Ekri yon tèks pou fè pòtre l’

2^e Ekri yon zanmi w yon lèt pou envite l’ nan fèt wap fè lakay ou.

Sitiyasyon andikap

Nan peyi pa nou Ayiti, nou jwenn anpil moun ki nan sitiyaasyon andikap. Gen yon kategori ki nan sitiyaasyon sa a depi lè yo fèt, gen lòt se konsekans yon maladi, yon aksidan, oubyen yo te viktim yon katastwòf natirèl tankou tranblemanntè. Kilè yon moun nan sitiyaasyon andikap? Se lè li pa wè byen, oubyen li pa wè ditou, li pa tande byen, oubyen li pa pale, sèvo li pa fonksyone byen, yon pati nan kò li pa fonksyone byen, oubyen ki manke moso oubyen li gen youn li pa genyen tankou bra, pye... kòman sosyete nou an wè oubyen konsidere kategori moun sa yo?

Lontan, menm nan mitan fanmi, lè yon timoun fèt ak yon andikap, kèlkeswa pati nan kò l yo te prèske pa t konte li pami lòt timoun nan fanmi an. Genyen kip a kite timoun sa yo viv ansanm avèk yo ditou; yo remèt yo nan yon sant oubyen nan yon ofelina. Kèkfwa yo ale wè yo, pote manje, rad ak lòt objè pou yo, konsa tou genyen kip a janm bezwen konn ekzistans yo ankò. Sa vle di afè sitiyaasyon andikap la yo pat bay sa valè ditou.

Nan zafè lekòl la menm kòman sa te ye? Nou te gen yon sèl sant ki te konn akeyi yo pou ba yo fòmasyon oubyen pou enstwi yo selon sitiyaasyon andikap yonn genyen. Apre yon tan, yo vin kreye mwayen nan Lise Fimen pou nonvwayan yo (avèg yo) pou kontinye ba yo enstriksyon nan nivo twazyèm sik fondamantal ak segondè pou yo kapab sibi eprèb bakaloreya nan lang siy yo. Apre sa yo gen anpil difikilte pou yo antre nan inivèsite akòz estrikti yo pa koresponn ak sitiyaasyon andikap yo.

Men pa gen lontan depi Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl avèk sipò òganis "Andikap Entènasyonal Ayiti" ap bay jarèt pou plede an favè Edikasyon Enkliziv" sa vle di lekòl pou tout moun kèlkeswa sitiyaasyon andikap li. Menm konsiderasyon sa a tou ap fèt nan administrasyon leta a kou prive nan sousi pou yo akseptè kategori moun sa yo travay menm jan ak tout moun.

Nou panse si sa rive fèt konsa se ta yon byen pou yo epi pou peyi a. paske depi y opa nan sitiyaasyon andikap mantal, yo ka aprann, yo ka travay, yo ka patisipe nan devlopman peyi yo tankou tout moun, menm jan sa ye nan anpil lòt peyi.

Marie Fégué Verna PREVOT

I. Kesyon sou tèks la

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 rive nan kesyon 3.

- Nan kèk fanmi lè timoun yo fèt ak sitiyaasyon andikap, yo remèt yo nan yon
 - legliz
 - presbitè
 - òfelina
 - komisarya
- Nan lise Fimen yo bay nonvwayan yo enstriksyon nan nivo
 - Twazyèm sik fondamantal ak segondè
 - Premye ak dezyèm sik fondamantal
 - Fondamantalsèlman
 - Segondè sèlman
- Bay jarèt pou plede an favè «*Edikasyon enkliziv*» vle di

- Dwe gen plis lekòl espesyal pou moun nan sitiyaasyon andikap yo.
- Pou tout moun ka pran fòmasyon ansanm.
- Pou chak kategori moun na lekòl pa yo.
- Dwe gen plis lekòl piblik.

- Jwenn nan tèks la kat sitiyaasyon kat (4) sitiyaasyon ki ka lakòz yon moun andikape.

- Bay kat (4) konsèy ak responsab Ministè Edikasyon yo nan lide pou moun ki nan sitiyaasyon andikap ka frekante lekòl ak inivèsite yo.

II. Vokabilè – òtograf – Gramè

Ekri nan kaz repons lan chak lèt kolòn B a ki koresponn ak chak chif nan kolòn A a pou kesyon 6 rive nan 10.

- Relye chak gwoup mo say o ak tèm ki gen rapò ak yo.

A		B	
Woz, ble, jòn, nwa	1	a	Kanpay
Si, pens, mato, goyin	2	b	Teyat
Dyalòg, sèn piblik, replik	3	ch	Koulè
Kamyon, oto, bis kamyonète	4	d	Machin
		e	Zouti

Repons 6	1	2	3	4

- Relye chak fraz sa yo ak yon mo sinonim ki pou ranplase ekspresyon souliye yo.

A		B	
Moun yo pa vle wè chen mèg sa a.	1	a	Kabich a
Vole a kraze rak.	2	b	Rayi
Jozèf fè antre soti nan peyi a.	3	ch	Sote
Magali ap bay kout tèt sou chèz la.	4	d	Sove
		e	Alevini

Repons 7	1	2	3	4

- Jwenn yon definisyon pou chak mo sa yo.

A		B	
Lang	1	a	Li asire kominilasyon anndan yon sosyete.
Fonoloji	2	b	Li okipe lòd mo yo nan yon fraz.
Semantik	3	ch	Li okipe sans mo yo nan yon lang oswa nan yon fraz.
Fonetik	4	d	Li okipe relasyon ant son yo selon vale yo.
		e	Li okipe nati son yo ak fason li pwononse

Repons 8	1	2	3	4

9. Jwenn pou chak mo souliye nan fraz say o, yon fòm predika.

A		B	
Mariwoz machann legim.	1	a	Predika advèbyal
Manje a bon Jodi a.	2	b	Predika adjektival
Janèt Dousman anpil.	3	ch	Predika prepozisyonèl
Mariklè nan mache a.	4	d	Predika vèbal
		e	Predika nominal

Repons 9	1	2	3	4

10. Jwenn yon aspè pou chak fraz sa yo.

A		B	
Matin wouze flè yo.	1	a	Iteratif
Toni ak Jak ap netwaye lakou a	2	b	Diratif
Chak jou elèv yo al lekòl.	3	ch	Inakonpli
Ou gen pou ou tann!	4	d	Akonpli
		e	Enkoratif

Repons 9	1	2	3	4

11. Ekri yon advèb nan plas pwèn yo pou konplete fraz say o.
- a. Pyè kanpe machin li an pòt kay.
- b. Byen pa lakay.
12. Distenge epi ekri nan parantèz yo diferan pwopozisyon sibòdone (relativ / entèrogativ / konjonktiv) ki gen nan chak fraz sa yo.
- a. Asèn merite yon fwomaj poutèt leson li sòt resite.

b. Kòman nap fè viv san noupa manje?

ch. Yon krapo wè yon bèf ki te parèt li gwo anpil.

13. Fè de (2) fraz senp sa yo tounen yon fraz konplèks.
- a. Joslin ap etidye.
- b. Lap gade tele.
14. Ekri nan parantèz anba yo, nati pwopozisyon sibòdone chak fraz sa yo.
- a. kwak Matin malad li ale legliz. ()
- b. Pliske Janin gen move karaktè pèsonn pa vizite l. ()
15. Ekri de fraz ak mo “*mwen*”, youn kote li sijè yon lòt kote li konpleman.
- a.
- b.
16. Ekri 4 mo ki gen de (2) konsòn ki kole.
17. Klase mo anba yo nan lòd alfabetik. Vazlin, lalin, chin, kizin, don, orijin
18. Men yon fraz, ekri nan parantèz yo figi estil ki ladan l. Tout klas la renmen lè pwofesè kreyòl la fè kou a. ()
19. Chanje fraz sa a nan diskou dirèk. *Elèv yo di pwofesè syans sosyal la yo kapab kopye nòt ankò.*

III. Pwodiksyon ekri.

20. Chwazi youn nansijè sa yo, epi devlope li nan do fèy la ant 15 rive 20 liy.
- 1^e Nan katye kote ou rete a gen yon moun an sityasyon andikap. Dekri pèsonnaj sa a pou fè konnen.
- Ki andikap li genyen
 - Depi kilè li konsa
 - Kòman li viv.
 - Kilès li genyen ki pou ede l.
 - Èske li entegre sosyete a tankou tout moun.
- 2^e Ou gen yon zanmi ou ki anbite nan yon lòt vil. Ekri l yon lèt pou ou envite l pase vakans avè ou.

Anayiz bèl fanm lakay
 Anayiz fanm peyi Ayiti Toma
 Anayiz fanm andeyò lakay
 Bèl fanm, bèl nègès lakay
 K ap voye kout batwèl
 Adwat agòch nan larivyè
 Se pa de chonje m ap chonje w
 Tout kote m pase
 Se ou k ap jwe nan may lespri sèvèl tèt mwen

Anayiz bèl fanm peyi m
 Jou m kite peyi etranje
 M ap kouri sou tèt al kache
 Nan lonbrit mòn lakay
 Pou m al veye w
 Lè w a p kannale desann nan bouk
 Ak chay manje lou sou tèt ou
 Anayiz fanm vanyan peyi m
 M fè sèman sèt fwa m ap retounen
 M ap pran avyon m ap vwayaje
 Senpleman pou m ka vin di w

ANAYIZ

Panyen sa k sou tèt ou a li tèlman lou
 Li fè venn lou w redi rèd
 Pase fil kòd bato
 Sa fè m mal pi mal pase
 Chay k ap sòti sou tèt tonbe sou zèpòl
 Anayiz m ta renmen w kwè m
 Lè m ap di w madoulè paynen
 Ki chita drèt nan zokòlòwòs tèt ou a
 Ki fè ranch ou danse kalinda a
 Fè kè m fè m mal pou m djayi
 Anayiz bèl fanm peyi m
 Se pa de renmen m'pa renmen ou
 M ap di w kwè m
 M sèman sèt fwa
 Pa manke anpil bagay
 Pou sò malèrèz ta chanje

I. Kesyon sou tèks la

Antoure lèt ki devan bon repns lan pou kesyon 1 rive nan 3.

- Tèks ou sot li a se yon
 - eksplikasyon
 - powèm
 - Enfòmasyon
 - enjonksyon
- Tèks sa a genyen
 - kat (4) estwòf
 - nèf (9) estwòf
 - De (2) estwòf
 - onz (11) estwòf

- Dezyèm estwòf tèks sa a se yon
 - distik
 - kentil
 - sizen
 - septen
- Chèche nan tèks la epi ekri de (2) vè kif è yon rim plat.
- Ekri tout pati nan tèks la ki montre « Anayiz » pa fanm Pòtoprens.

II. Vokabilè – òtograf Gramè

Ekri nan chak kaz repons lan lèt kolòn B a ki koresponn ak chif nan kolòn A a pou kesyon 6 rive nan 10.

- Relye chak fraz ak tip li.

A		B	
Fraz		Tip fraz	
Ayiti se yon peyi ki chaje ak riches	1	a	Fraz esk lame
Eske Ayiti se yon gwo peyi?	2	b	Fraz kòmande
Ala kote moun ka pase mizè!	3	ch	Fraz kesyon
Sispann kraze peyi a.	4	d	Fraz declare non
		e	Fraz deklare

Repons	1	2	3	4
6				

- Relye chak fraz ak fòm, predika ki mache avè l la.

A		B	
Fraz		Fòm predika	
Pòt adwat la.	1	a	Predika vèbal
Etyèn nan lakou a.	2	b	Predika prepozisyonèl
Marimoyiz ale Sandomeng.	3	ch	Predika nominal
Chesnèl avoka.	4	d	Predika adjektifyal
		e	Predika advèbyal

Repons	1	2	3	4
7				

- Asosye chak fraz ajk yon fraz kreyòl ki tradui l.

A		B	
Fraz franse		Fraz kreyòl	
Il est un bouquiniste	1	a	L ap vann liv dezyèm men.

Il m'a interrompu.	2
Il a des pellicules.	3
J'ai du pain sur la planche.	4

b	Pwojè a te kanpe.
ch	Li gen kap nan cheve l.
d	Li pa kite m fin pale.
e	Mwen chaje bagay pou m fè

Repons	1	2	3	4
8				

9. Asosye chak fraz sa yo ak figi estil ki ladn l.

A		B	
Fraz		Figi estil	
Wodrig chante tankou papa l.	1	a	Pèsonfikasyon
Tannsyèk prezidan an ap pale Ayiti mal.	2	b	Konparezon
Ayiti se te pèl peyi antiy yo.	3	c h	Metonimi
Lari Pòtoprens di: M pa ka sipòte fatra ankò	4	d	Plizyè òganis ap travay, peyi a vin pi mal
		e	metafò

Repons	1	2	3	4
6				

10. Asosye chak mo souliye ak fraz ki gen sinonim ki mache avèl la.

A		B	
Fraz		Sinonim	
Jak <u>abandonne</u> lakay li.	1	a	Se pou nou kenbe prestij nou.
Ayiti fè <u>akò</u> ak Sendomeng.	2	b	Etazini pote konkou li ak ti peyi yo.
Peyi Chili bay Ayiti <u>èd</u> .	3	ch	Madan Jan kite Jan.
<u>Divès</u> ONG ap fè <u>fòmasyon</u> pou anseyan.	4	d	Plizyè òganis ap travay peyi a vin pi mal.
		e	Dominik fè antant ak papa li.

Repons	1	2	3	4
6				

11. Men kèk mo : *règ, ekè, rapòtè, konpa*. Ekri nan parantèz yo, tèm ki gen rapò avèk mo sa yo.

()

12. Gade sa ki ekri nan paratèz yo pou kapab souliye mo ou ap idantifye yo.

Pran nan bwat plim sa a (adjektif demonstratif) Sila a ki ekri wouj la demonstratif

13. Mete anfas sou pilye nan fraz sa a. Mouton an kase kòd la.

14. Li ti tèks sa a byen epi mete siy ponktyasyon sa yo (, . < >)

Sou wout la nou rankontre kèk peyizan k ap pote nan mache sa yo rekòlte nan jaden yo Moun sa yo soti mòn Doko La bay anpil bannann militon ak lòt kalite legim ankò.

15. Nimewote mo sa yo (1, 2, 3, ...10) pou klase yo nan lòd alfabetik.

Basen, lokalite, bankèt, tabourè, plasman, kolon, touris, ban, lakoloni, tab

16. Reyalize kontraksyon nan fraz sa a. Manman li di li pou li pa vini bonè.

17. Chèche kontrè mo sa a: *povrete* epi anplwaye mo ou jwenn nan, nan yon fraz.

18. Chanje fraz diskou dirèk sa a nan diskou endirèk. Nou trande yon moun di : «*m bezwen anpil tan ankò*»

19. Ekri yon fraz ki gen kalite aspè pwospektif.

20. Chwazi youn nan de (2) sijè sa yo, epi devlope l ant 15 rive 20 liy.

1°) Nan okazyon fèt manman ou oubyen fèt papa ou oubyen yon lòt moun nan fanmi ou, ekri yon tèks twa (3) estwòf pou eksprime jan ou renmen li.

2°) Anviwònman peyi a ap depafini chak jou pi plis. Ekri yon tèks pou montre si anyen pa fèt prese pou sove anviwònman an, peyi a ap disparèt nan men ou.

Maladi chabon

Maladi chabon se yon maladi grav ki konn touye anpil bèt nan peyi a epi li konn touye moun tou. Se bèt ki bay moun maladi chabon. Se yon mikwòb ki bay maladi chabon an, mikwòb sa a rezistan anpil. Li kapab viv plis pase 40 lane nan you patiraj. Se nan kòche bèt ki mouri ak maladi a mikwòb la gaye. Pi fò moun ki trape maladi chabon an se nan manyen vyann bèt ki te mouri ak maladi a. Lè yon bèt trape maladi chabon, li konn mouri tèlman vit, gadyen bèt la pa gen tan wè si li te antere bèt la osnon boule li. Sèl fason pou dechouke maladi chabon se vaksinen bèt yo chak ane. Se yon zònòs sa vle di li frape ni moun ni bèt. Nan lang anglè yo rele maladi chabon an "Antrax". Nan lang franse a yo rele li "chabon bactérien". Zòn ki plis frape nan peyi a se depatman Sid, Grandans, Latibonit, Nip ak Sidès. Mikwòb sa a se yon bakteri yo rele "Bacillus Anthracis". Se nan tè a li viv. Prèske toutbèt kapab trape maladi chabon, men gen bèt ki pi sansib pase lòt, bèt chabon touye pi fasil se bèt: lè bèt la mouri, li gonfle byen vit. Pafwa bèt la viv pi lontan ak maladi a. Lè sa a anvan li mouri, bèt la konn gen gwo lafyè, li pa manje, li gen dyare, latranblad, li respire vit, li bat kòl. Aprè youn ou byen de jou li mouri. Genyen de medikaman ki touye bakteri a se Penisilin ak Oksitetrasiklin.

Dotè Michèl Chansi ajan veterinè Gid Fòmasyon

Kesyon sou tèks la

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 rive nan 4.

- Daprè sa yo rapòte nan tèks la mikwòb ki bay maladi chabon an kapab viv plis pase.
 - 20 an
 - 30 an
 - 40 an
 - 50 an
- Zòn ki plis frape ak maladi chabon an nan peyi a se:
 - Nò – Grandans – Latibonit – Wès
 - Grandans – Latibonit – Sid – Wès
 - Sid – Grandans – Latibonit – Sidès
 - Nip – Nò – Latibonit – Sidès
- Bakteri ki bay maladi chabon an rele:
 - Bacillus Anthracis
 - Bacillus Anthracis
 - Bacillis Antracius
 - Bacillus Antracis
- Di kisa otè a konseye nou fè ak yon bèt ki mouri ak maladi chabon an.
- Nan de ou byen twa liy di pou kisa nou bezwen bonbat tout kalite mikwòb.

Vokabilè – òtograf – Gramè

Ekri nan kaz repons lan lèt kolòn B a ki koresponn ak chif nan kolòn A a pou kesyon 6 rive nan 8.

6. Asosye chak fraz ak pwonon ki ale avèl la.

Figi estil		Fraz	
Konparezon	1	a	Lekòl la ap fete.
metonimi	2	b	Li pale kou jako
Antitèz	3	ch	Mwen padone ou, ou kanpe tennfas.
Metafò	4	d	Misye se yon lyon.
		e	Se desann map desann.

Repons 6	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

7. Asosye chak advèb ak tip li.

A		B	
Advèb		Tip advèb	
Konsa			Advèb kantite
Kounye a			Advèb mannyè
Toupatou			Advèb lye
			Advèb tan

Repons 7	kolòn A	1	2	3
	kolòn B			

8. Jwenn nati pwonon ki nan fraz sa yo.

Pwonon		Fraz	
Pwonon posesif	1	a	Mwen renmen mayi
Pronom relatif	2	b	Madanm ki ap kriye a kouche.
Pwonon pèsònèl	3	ch	Liv sa a chire.
		d	Se kaye pa mwen an.

Repons 8	kolòn A	1	2	3
	kolòn B			

9. Itilize prefiks ak sifiks pou fòme yon mo derive ak radikal sa yo. *Kouraj – bousòl – bwa – peyi*

10. Fè 2 fraz senp sa yo tounen you fraz konplèks.
 - Nèg la ap pale
 - Nèg la se papa mwen.

11. Mete mo sa yo nan lòd pou fòme yon fraz.
mouri – bèt – nou – yon – osnon – lè – maladi – li – ak – chabon – antere – pou – se – la – boule – bèr

12. Men yon ti tèks, gen kèk mo ki mal ekri ladan l' korije yo epi ekri yo nan liy anba yo.

Josèf se yon chapantie. Li konn fè mèb pou moun. Li pa gin tan ditou tèlman li gin moun kap ba li travail. Se yon bon bòs, li travail bien, mèb li yo solid anpil epi li pa cheran.

13. Ekri fraz sa a sou fòm kontrakte.
Madam nan di mwen vini kote li lè mwen fini.

14. Pou chak tèm sa yo jwenn twa mo ki nan chan leksikal la.

Lopital:

Lapolis :

15. Pou chak fraz sa yo, ekri nan parantèz yo de (2) tan ki marye yo.

a. Nou jwenn lajan nou bezwen an.

()

b. Mwen tap fè gwo mwayèn si mwen te etidye plis.

()

ch. Map gade kay Mariz pral achte a.

()

16. Souliye konjonksyon kowòdinasyon nou jwenn nan fraz sa yo.

a. Li vini epi li kòmanse pale.

b. Map achte diri ou byen mayi.

ch. Pa pote ni liv ni valiz.

d. Chak pwofesè ap bay sa yo genyen men tout elèv yo dwe patisipe tou.

17. Transfòme fraz diskou dirèk sa a nan diskou endirèk.
Josèf di: "Jou mwen ale Jeremi m ap tou rete"

18. Jwenn twa mo ki fòme ak pwosede sa a.
Anpren:

19. Esplike ekspresyon idyomatik sa a.
De mèg pa fri''

Pwodiksyon ekri.

20. Chwazi youn nan de (2) sijè anba yo epi trete l.

1°) Dekri sal klas ou a pou yon zanmi. Kòman biwo pwofesè a ye? Kisa ki andan sal klas la?

2°) Ou te fè yon vizit nan Pak istorik Kanasik, ekri pwofesè klas ou pou di li kijan ou te kontan, e kisa ou te wè nan pak la.

Vòlkan yo

Nan an kounye a, sou sifas tè a, yo konte plis pase uisan(800) vòlkan k ap fè mouvman.

Nan kontinan Ewòp, vòlkan k ap fè mouvman yo, an itali ak islann.

Yon vòlkan se yon montay k ap vomi yon kantite wòch ki melanje ak yon kantite fgaz ki fonn k ap soti nan tè a, Lè vòlkan an ap voye w wòch pasi pala, moun pa ka viv nan zòn kotel ye a paske boule mon, boule kay, mete dife nan tout sa li jwenn sous wout li. Melanj wòch ak gaz sa a fòme a yo rele l magm.

Lè magma a rive sou sifas tè a, gaz la chape tankou lè ou debouche nan yon boutèy kola. Pafwa gaz la chape byen fasil, epi kratè vòlkan an vide wòch yo tou fonn sou fòm lav k ap koule. Lav sa a desann nan flan vòlkan an, li frèt, li vin solid pou l bay yon kantite wòch di.

An Ayiti, nou konstwi nan plenn, bò rivyè, sou platon, nan flan mòn kòm sou tèt mòn tankou mòn lopital nan Pòtoprens, mòn jalouzi nan Petyonvil, gen kèk peyi, yo pa kite moun konstwi nan mòn paske mòn yo gen anpil danje. Pi gwo fenomèn ki pwodui nan mòn se sa yo rele vòlkan an.

Kesyon sou tèks la

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 rive nan 3.

- Tèks la pale de
 - Tè a chape
 - Gaz la chape
 - Wòch la chape
 - Wòch ak gaz chape
- Tèks sa a se yon tèks
 - deskriptif
 - Eksplikatif
 - Naratif
 - enfòmatif
- Vòlkan an bay yon kantite wòch di
 - lè lav la frèt
 - lè lav la fonn
 - Lè kratè a chape
 - Lè lav la ap koule
- Chèche nan tèks la, epi ekri mo ki gen rapv sèlman ak vòlkan
- Ekri nan twa (3) liy pou di sa ou panse ki ta dwe fèt pou tout ayisyen ki konstwi sou tèt mòn yo.

Vokabilè – òtograf – Gramè 120 p

Ekri nan kaz repons lan lèt kolòn B a ki koresponn ak chif nan kolòn A a pou kesyon 6 rive nan 9.

6. Asosye chak fraz ak pwonon ki ale avèl la.

Fraz	
M ap etidye, l ap fè lekti	1
Sa a ap fè ou konn leson ou	2
Pa nou an pi bon	3
Kilès ki pa fè devwa l?	4

Pwonon	
a	Pwonon posesif
b	Pwonon endefini
ch	Pwonon pèsònèl
d	Pwonon entèrogatif
e	Pwonon demonstratif

Repons 6	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

7. Di nan ki tan chak fraz sa yo ekri.

A	
Fraz	
Jozèf ap pale espanyòl	1
Frederik pral nan kou	2
Anita ta ale avè l.	3
Elèv yo te kopye nòt yo.	4

B	
Tan	
a	Fiti
b	Prezan
ch	Enperatif
d	Pase
e	Kondisyonèl

Repons 7	kolòn A	1	2	3
	kolòn B			

8. Jwenn pou chak fraz sa yo aspè ki mache avèl.

A	
Fraz	
Pwofesè a ap fè kou a.	1
Direktè a site tout non elèv yo.	2
Marina toujou peye lekòl la.	3
Sanntya kòmanse travay.	4

B	
Aspè	
a	Pwospektif
b	Akonpli
ch	Enkoratif
d	Interatif
e	inakonpli

Repons 8	kolòn A	1	2	3
	kolòn B			

9. Jwenn figi estil ki mache ak chak fraz sa a yo.

A	
Fraz	
Tout lekòl la soti.	1
Antwanèt se yon vòlkan.	2
Karin ekri menm jan ak pwofesè a.	3
Ban an kriye li di twòp elèv chita sou li	4

B	
Figi estil	
a	Pésonifikasyon
b	Konparezon
ch	Metafò
d	Metonimi
e	perifraz

Repons 8	kolòn A	1	2	3
	kolòn B			

10. Mete fraz sa yo sou fòm kontrakte.

- Nou ale etidye chak maten sou plas la.
- Si li te konnen tout leson yo mwenn ta sòti avèk li.

11. Jwenn varyasyon mo sa yo.
 Cheni:
 Bliye:
 Gode:
 Pomad:
12. Chak ekspresyon sa yo konswi apati radikal 'flè' ekri sans yo.
 a. Bèl flè san zodè:

 b. Aflèdelaj:
13. Fè fraz anba a tounen yon fraz entèrogativ.
 Yon vòlkan te nan dòmi depi plis pase yon syèk.
14. Fè de (2) fraz sa a 'Mouton' youn nan sans pwòp, youn nan sans figire.
 a.
 b.
15. Bay eksplikasyon mo souliye yo.
 a. Vyann fè mikalaw nan fèt la.

 b. Makila ap travay kinalaganach pou l ka fini wòb madan Dyesèl la.
16. Bay kontrè mo sa yo epi anplwaye yo chak nan yon fraz.
 a. Parèt:

 b. Mèg:
17. Chanje son ki nan mo sa yo plas pou fòme yon lòt mo.
 a. beton:

 b. chak
18. Ranje mo sa yo nan lòd alfabetik.
 tè – vòlkan – aliza – siklòn – katastròf
19. Ekri fraz sa yo dapre òtograf kreyòl ayisyen an.
 Nou minm ki nan mitan kenntè a gaille kò nou ... fè vite, fè vite.
 Chikinn kò nou. Fè balans. Mezanmi, m ap tou di nou, se yon bataille je fèmin nou pral mennin ak general lanmò ak de men nou, de pye nou mare ak laperèz.
- 20. Pwodiksyon ekri.** 40p
Chwazi youn nan de (2) sijè anba yo epi trete l.
- I. Ou obsève nan anviwònman ou kòman fata ap degize peyi a tout kote ou pase. Bay kèk konsèy ak dirijan yo sou fason pou yo jere koze fatra sa a.
- II. Ou genyen yon bon zanmi ou ki abite Jeremi. Depi aprè siklòn Matthew li pa ka al lekòl paske tout sa paran l te genyen pèdi. Di nou kisa ou konte fè pou li.

Mango

An Ayiti, mango se yon relijyon. Tout klas moun nan sosyete a renmen manje l. Gran vakans, anpil kote nan pwovens peyi Dayiti pa t ap gen okenn cham san dlo larivyè ak manje mango. Pou gen dlo larivyè, fòk nou plante anpil pyebwa nan tèt mòn yo. Pou nou kontinye gen mango, fòk nou plante anpil lòt pye mango paske kounyeya anpil pye fin granmoun. Nou dwe plante jenn pye pou ranplase sa ki granmoun yo. An Ayiti, gen plis pase san kalite mango. Nan Plato Santral sèlman, yo jwenn swasannde kalite mango.

Mango se yon gwo richès pou peyi Dayiti. Pèsonn moun pa ta dwe pote sou konsyans li responsabilite pou mango ta vin disparèt yon jou. Depi kèk tan, yo voye vann anpil mango nan payi etranje. Pi fò nan yo se mango madan Fransik, yon mango ki fèt nan komin Gwo Mòn, Depatman Latibonit. Li donnen di mwa sou douz, li kòmanse donnen nan depatman Lwès el al fini nan Depatman Nòdwès sou zile Latòti. Lòt bagay ki fè mango madan Fransik la pi enteresan e ki ba li anpil siksè nan peyi etranje, se paske yo pwodui li san angrè chimik e yo pa sèvi ak ensèktisid pou konbat vè nan fwi yo paske travay sa a, se ak dlo cho li fèt. Se sa ki fè, nan peyi Etazini ak Kanada, yo vann mango madan Fransik kòm pwodui natirèl. Ayiti okipe 12èm plas pami peyi ki pwodui mango nan monn nan. Mango se yon pyebwa, lò li fin grandi, li rive jiska sanven pye, sa vle di, karant mèt wotè. Yon pye mango ka genyen yon tij rive de mèt edmi dyamèt e se yon pyebwa ki kapab viv plis pase yon syèk.

Si nou vle plante mango pou ekspòtasyon, fòk pye mango a donnen anpil mango ki peze twa ka liv, ki pa gen fil ditou, ki gen ti grenn soti swasant pou rive katreven pousan chè ladan li. Gen kalite mango tankou kent, Haden ak Smit ki bay mango ki peze ant senksan ak sisan gram e ki gen ant katreven ak katrevendi pousan chè nan fwi a.

François Séverin, 2002, Plant ak pyebwa tè Dayiti, Adaptasyon otè yo

Kesyon sou tèks la 40 p**Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 a 3.**

- Tèks ou sot li a se you tèks
 - enjonktif
 - agimantatif
 - ch. Eksplikatif
 - d. enfòmatif
- Pour nou kontinye gen mango fòk nou
 - pa voye yo al vann nan lòt peyi.
 - plante anpil lòt ti pye mango.
 - plante anpil ti pyebwa.
 - pa pwodui yo ak angrè chimik.
- An Ayiti gen plis pase
 - swasannde kalite mango
 - katrevende kalite mango
 - ch. san kalite mango
 - d. katrevendis kalite mango

4. Jwenn nan tèks la de rezon ki fè mango Madan Fransik la fè anpil siksè nan peyi etranje.

5. Jwenn nan tèks la 2 fraz ki fè deskripsyon yon pye mango epi ekri yon nan liy sa yo

6. Esplike fraz sa a.
Mango yo pankò an matirite nan peyi a.

7. Ekri mo sa yo nan lòd pou montre pwosesis grenn mango yo suiv anvan yo rive nan bouch.
Mi, plante, keyi, fleri, rèk, pouse, donnen, grandi, jèmen, manje

8. Itilize prefiks ak sifiks pou fòme yon mo derive pou chak mo sa yo.

pwodui	plas
chouk	bouton

9. Ansèkle fraz kote ekspresyon “*kale tè*” itilize nan sans figire.

- Ti jan fè yo kale tè li nan kwafè a.
- Antwanèt fin kale tè ti jan nè.

10. Chanje plas yon lèt nan chak mo sa yo pou fòme yon lòt mo.

lanp	jouda
manbo	kaye
payas	tach

11. Ekri mo sa yo korèkteman an kreyòl.

Ouè	lavalasse
Leogane	Campay:
Ingra	kontrole

12. Souliye mo ki mal ekri yo.

Genyen de (2) lang ki asure kominikasyon an Ayiti: kreyòl ak français. Itilizasyon yo depann de moun kap pale a ak sikonstance yo. Kreyòl se lang tout ayisyen pale indistinkteman.

Ekri nan kaz repons lan lèt kolòn B a ki koresponn ak chif nan kolòn A a pou kesyon 13 rive nan 15.

13. Jwenn tip detèminan ki mache ak chak gwoup mo sa yo.

A	
Mo	
Yon	1
chak, tout, okenn	2
kat, sèt, dis, katòz	3
premye, dezyèm, senkyèm	4

B	
Detèminan	
a	adjektif endefini
b	adjektif entèwogatif
c	adjektif nimeral òdinal
d	adjektif nimeral kadinal
e	atik endefini

Repons 13	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

14. Asosye lang kreyòl peyi sa yo ak baz leksikal ki ale avèk yo.

A	
Lang kreyòl peyi	
Jamayik	1
Ayiti, Matinik, Gwadeloup	2
Kirasò, Awouba, Bonè	3
Kapvè	4

B	
Baz leksikal	
a	Españòl
b	Fransè
ch	Alman
d	Anglè
e	Pòtigè

Repons 14	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

15. Jwenn figi estil nan kolòn B a ki ka mache ak fraz nan kolòn A a.

A	
Fraz	
Klas 9e Ane a ap prepare yon bèl fèt.	1
Milèt la dou kouwè yon timoun	2
Mwen tèlman swaf mwen ta bwè yon doum dlo.	3
Ti mouton an di lou a li pa gen frè ak sè.	4

B	
Figi estil	
a	Metonimi
b	Iwoni
c	Konparezon
h	
d	Ipèbòl
e	pèsonifikasyon

Repons 15	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

16. Sèvi avèk yon konjonksyon kowòdinasyon pou fè 2 fraz sa yo tounen yon fraz konplèks.

a. M pale ak medsen an.

b. M pa gen tan rakonte medsen an tout bagay.

17. Transfòme fraz sa a nan diskou endirèk.

Machann pèpè a di: “Frè Pòl, vin peye mwen pantalon an non”

18. Ansèkle gwoup mobil ki gen nan fraz sa a. 10p

Kandida yo, ane sa a, ap fè anpil nòt nan egzamen kreyòl la.

19. Pwodui 2 fraz 10p

Premye a ak yon predika eta epi dezyèm nan ak yon predika aktivite.

a.

b.

20. Chwazi youn nan de (2) sijè sa yo epi trete l nan do fèy la. (15 pou rive 20 liy).

I. Gen yon peyizàn ki gen de twa pye mango nan jaden li, li deside koupe yo pou fè chabon. Ekri yon tèks pou montre ou pa dakò avèl.

Montre itilite pyebwa pou anviwònman an sitou pye mango.

II. Eksplike sans pwovèb sa a:

“Anvan ou ri moun ki mache bwete gade si ou mache dwat”

Tamaren

Tamaren se yon mo ki gen orijin Arab ki vle di dat endyèn (en français date indienne) se yon twopikal ki sòti an End. Pou lapremyè fwa, nan lane 1701 yo te jwenn li nan zile Reyinyon, Gwadeloup ak lòt peyi nan Karayib la. Kounyeya yo itilize l prèske tout kote nan monn lan. Fwi sa a gen gwo pòte medisinal, li prezante sou fòm gous ki gen koulè mawon, anndan fwi sa a pilp la, pati ki gen anpil chè a antoure avèk plizyè grenn, epi li gen yon ti gou asid ki agreyab anpil. Nou itilize fwi sa a pou fè ji, men tou yo manje tamaren ak kribich, ak vyann kana, ak vyann kochon tou. Nou ka jwenn li fasilman prèske tout kote. Pou sa ki konsène Ayiti, nou ka jwenn li Ench, kwadèboukè, epi nan Santo 1 kay Mesye Pontyen. Kijan yo itilize fwi sa? Ki lòt peyi ki itilize li tou? Yo itilize li pou fè sòs melanje ak pwason, kribich, vyann kana, vyann kochon, epi yo fè ji ak li tou, pou sa yo retire gwo po a, grenn yo, lave l epi blende li ak dlo sikre, li vin bay yon ji ki gen yon ti gou asid, ji sa a se koupe dwèt tèlman li bon. Pou sa ki gen rapò ak sante ji tamaren an bon anpil pou moun ki soufri maladi postat.

Men kèk peyi kote yo itilize tamaren anpil: Ayiti, Afrik Lwès, Brezil nan forè amazonyèn, an Ejipt, an End, Iran, Zile Reyinyon, Gwadeloup, Moris, Madagaska, Meksik, Senegal ak Tayland.

René Thelusma

Kesyon sou tèks la

1. Fè rezime tèks la nan espas anba a.

2. Daprè tèks la, pou ki maladi tamaren bon?

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 3 rive 6.

3. Orijin mo Tamaren se

- a. End b. Arab c. Zile Reyinyon d. Gwadeloup

4. Tèks sa se yon tèks ki

- a. Eksplike sa tamaren an ye. ch. Rakonte yon istwa.
b. Eksprime santiman otè a. d. Fèt pou amize moun.

5. Tèks sa a genyen

- a. 2 paragaf. b. 3 paragaf ch. 4 paragaf d. 5 paragaf

Vokabilè – òtograf - Gramè.

6. Fenomèn ki rive fè yon son enflyanse yon lòt son nan vwazinaj li jouk li rive chanje li rele

- a. Kontraksyon ch. Asimilasyon
b. Varyasyon d. Derivasyon

Ekri nan kaz repons lan lèt kolòn B a ki koresponn ak chif kolòn A a pou kesyon 7 rive 9.

7. Jwenn mo ki nan kolòn A a ak kontrè li nan kolòn B a.

A		B	
Mo		Kontrè	
Anbake	1	a	Baraj
mobil	2	b	Soti
Pasaj	3	c	Debake
Antre	4	d	Chaje
		e	imobil

Repons 7	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

8. Jwenn enonse ki nan kolòn A ak figi estil ki koresponn ak li nan kolòn B a.

A		B	
Konparezon	1	a	Basen an ap dòmi tèlman li fon!
Pèsonifikasyon	2	b	Jaklin pi bèl lontan!
Pleyonas	3	ch	Jaklin se yon solèy!
Metafò	4	d	Mwen wè w ak 2 grenn je m.
Antitèz	5	e	Tipyè bwè 5 boutèy.
Metonimi	6		

Repons 8	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

9. Asosye chak fraz nan kolòn A a ak fòm predika nan kolòn B a.

A		B	
Fraz		Fòm predika	
Timoun yo nan chanm nan ap jwe	1	a	Adjektival
Machin Minis lan anpàn	2	b	Prepozisyonèl
Motosiklèt la bò lari a.	3	ch	Vèbal
Manman mwen ap prepare manje	4	d	Advèbyal
		e	Nominal

Repons 9	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

10. Chache yon mo nan dènye paragaf la ki gen estrikti sa a. Vwayèl + konsòn + vwayèl + konsòn + vwayèl + konsòn + vwayèl

11. Nan fraz sa a, ranplase mo ki souliye a pa yon sinonim. Nou itilize sa pou fè ji, men tou nan zafè manje tamaren ak ekrevis, ak vyann kana ak vyann kochon tou.

12. Transfòm fraz diskou dirèk sa a nan diskou endirèk. *Premye Minis la di: "Nou bezwen ennan ankò pou bagay yo chanje"*

13. Mete fraz sa a nan fòm anfatik. Jina ap konpoze nan 9e ane fondamantal ane sa a.

14. Pwodui yon fraz kòrèk avèk “**maten an**” suivan endikasyon ki anba yo.

1. Pozisyon inisyal:

2. Pozisyon medyàn:

3. Pozisyon final:

15. Ekri nan ti tablo sa a, varyasyon chak mo ki endike nan ti tablo a.

Mo kouran	Varyasyon
Genyen	
Ekspresyon	
Kesyon	
Pa mwen	
Dyaspora	djaspora

16. Men yon pwovèb: “Nan benyen pa gen kache lonbrit”. Jwenn yon lòt pwovèb sinonim.

17. Ekri nan ti tablo a, adwat chak fraz A pou pilye aktivite epi E pou pilye Eta.

Fraz	Pilye
Glas la kraze depi lontan	
Pitè ap bwose tèt li.	
Tout moun kontan fèt la.	
Elèv yo ap konpoze nan kreyòl.	

18. Separe fraz sa a an twa moso epi ekri non chak moso nan espas anba a.

Medsen an ap konsilte malad la nan lopital la.

19. Konplete fraz sa yo avèk : *te, ap pral, ta, a.*

Tout kandida deja nan sal, m..... konpoze.

Pita m rele w. Li byen achte yon pate men li razè. Grangou a rèd pou li, podyab ! si mwen planifye sa mwen ta ka sipòte, se lavi

20. **Pwodiksyon ekri.** 30p

Chwazi youn nan sijè sa yo epi trete l sou yon fèy.

I. Ou gen yon paran osinon yon pwòch ou k ap viv nan peyi etranje, ekri li pou dekri peyi Dayiti. Di l tout sa ki bon ki kapab enterese youn vizite Ayti cheri nou an

II. Rakonte souvni ou lè ou te pi piti nan katye ou t’ap viv oswa nan lekòl ou te pase.

Pwoblèm wout

Kòman yon moun kapab viv, fè kòb manje li, lè li pa ka travay latè sitou lè sezon an pa bon. Men solisyon detwa abitan jwenn...

Sezon lapli a te kòmanse tankou li abitye parèt nan zòn sa a avèk gwo van, loray. Moun pa soti al lapèch anba tan sa a lè konsa, moun nan kay la manje ti pwovizyon medam yo te sere nan galata pandan tan sèk oswa viv yo te achte nan bouk la.

Wout nan zòn nan tounen yon mwayen tou pou moun yo fè kòb. Li te konn rapòte lajan pandan sezon lapli a pliske se sèl wout zòn nan genyen epi li travèse tout zòn nan. Se ladan pou pase maten, ladan pou pase lè pou tounen. Jèn moun nan zòn nan te konn ede wout sa a rete itil. Yo te remake labou lapli a kite konn anpeche machin yo pase nòmalmen. Men pandan sezon fredy, machin konn kole sou wout la. Konsa, chofè yo te konn priye abitan yo pou pote yo sekou. Abitan lakay nou sèvyab se vre, men yo pa twò renmen mete pye yo nan labou anba lapli. Se poutèt sa chofè ki kondui mal yo te konn priye yo anpil e menm lè sa a fòk yo te bay abitan nan zòn nan kòb. Pafwa, jèn yo egzije yo peye byen chè pou konkou yo ap bay la. Se konsa abitan nan zòn nan vin dekouvri wout sa a sèvi pou ba yo manje pandan sezon lapli a ap frape paske li anpeche machin yo pase san pwoblèm.

Konsa menm lè sezon lapli a fini, labou a rete. Men labou a, lè l' ap sèch, li vin pi rèd. Labou a vin pi kole. Tè a se yon ajil. Donk moun yo te toujou kontinye fè kòb ak chofè machin yo. Paske machin k'ap pase sou wout la te tèlman anpil, moun yo te travay anpil epi yo vin fatige avèk afè sèvis la.

Finalman sezon lapli ak fredy pa te gwo pwoblèm pou moun sa yo ankò. Zafè rezèv pwovizyon ap fini pa fè moun yo pè. Wout la te tounen kanè bank detwa moun. Menm si se pa te yo ki te konstwi li. Lè moun yo di wout se siy pwogrè nan yon peyi, yo pa te fè manti. Moun yo te viv jwenn lòt aktivite pou yo viv.

*Tèks sa a soti nan liv kreyol 9e AF
Georges Toussaint et Serge Sylvestre*

Kesyon sou tèks la 40 p

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 rive nan 3.

- Daprè sa yo rapote nan tèks la, prensipal aktivite abitan yo nan sezon sèk se 6p
 - lagrikilti ak gadinaj ch. Lelvaj ak lapèch
 - lapèch ak lagrikilti d. Atizana ak lapèch
- Dapre abitan yo, machin te konn kole nan wout la tout lè sa yo, sof youn. Kilès? 6p
 - lè lapli ch. lè sezon fredy

- lè labou a ap sèch d. lè sezon sèk

- Abitan nan zòn nan, sitou jèn yo, te konn fòse chofè bay plis kòb lè machin yo kole paske
 - chofè yo te itilize wout la twòp.
 - chofè yo te fè anpil kòb nan wout la.
 - yo te fatige ak koze rann sèvis la.
 - yo te vle dekouraje chofè yo.
- Èske ou panse abitan yo t'ap renmen wout la ranje? Poukisa?
- Nan dènye paragaf tèks la, yo di wout la se kanè bank abitan yo nan zòn nan. Jwenn 2 rezon pou montre sa.

Ekri nan kaz repons la, lèt kolòn B a ki koresponn ak chif kolòn A pou kesyon 6 rive 8.

- Di kisa yon wout reprezante nan yon zòn.
- Mete yon prefiks pou bay kontrè mo sa yo.
Abiyè
Parèt:
- Jwenn yon aspè ki mache ak chak fraz sa yo.
Kouraj:
Desen :
Vwazen :
Machin:
- Ekri 2 mo derive pou chak mo sa yo.

Mo	Mo derive	
blòk		
kominike		
itil		

- Bay sinifikasyon ekspresyon idyomatik sa a: “*Dèyè mòn gen mòn*”
- Avèk chak advèb sa yo fè yon fraz.
 - Dousman
 - Vivman

Ekri nan kaz repons lan, lèt kolòn B a ki koreponn ak chif kolòn A a pou kesyon 12 rive nan 14.

12. Pou chak definisyon nan kolòn B a jwenn yon korespondan ki mache avèl' nan kolòn A.

A		B	
Mo		Definisyon	
Antonin	1	a	Mo ki pwononse menm jan ki pa gen menm sans.
Sinonim	2	b	Mo ki eksprime yon lide kontrè.
Omonim	3	ch	Mo ki gen menm rasin.
		d	Mo ki prèske gen menm sans.

Repons 12	kolòn A	1	2	3
	kolòn B			

13. Jwenn chak figi estil kolòn B a ak fraz ki ale avè l nan kolòn A a.

A		B	
Fraz		Figi estil	
Pòv sa a se yon boujwa	1	a	Konparezon
Li manje twa asyèt manje	2	b	perifraz
Ti fi a pale kon wosiyòl	3	ch	Ipèbòl
Li di wi ou di non.	4	d	Metonimi
		e	Antitèz

Repons 13	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

14. Jwenn chak fraz kolòn A a ak tip li nan kolòn B a.

A		B	
Fraz		Tip fraz	
Ou bèl wi!	1	a	Entèrogatif
Li deplase deja?	2	b	Enperatif
Fòk nou jwe.	3	ch	Deklaratif
Souvan telefòn nwizib	4	d	Anfatik
		e	Esklamatif

Repons 14	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

15. Mete mo sa yo nan lòd pou fòme yon fraz.
mwayen – entènèt – ak – se – pèmèt – lemonn – konekte – antye – ki – yon – moun

16. Jwenn varyasyon mo sa yo.

Mo	Varyasyon
Kenbe	
Cheni	
Baryè	
Gremesi	

Chwazi

17. Transkri fraz sa a nan diskou dirèk.
 Madan Mak di mesye a, li twò makawon, li pap mache avè l nan wout la.

18. Mete dèyè chak fraz figi estil ki kapab ale avèk li. Itilize sa ki nan parantèz yo.
(konparezon – metonimi – iwoni – pèsonifikasyon)
 a. Marijòzèt tèlman bèl ti fi koukou konplimante l.

- b. Solèt saj ankou yon pòtre.

- ch. Yon van awoyo pran souflete branch bwa yo.

19. Site non 3 peyi ki pale kreyòl na Oseyan Endyen an.

Pwdiksyon ekri

20. Chwazi youn nan sijè sa yo epi reponn (rive nan 20 liy).

- Gen 3 zanmi k ap diskite sou sans pwovèb sa a: *rayi chen, di dan l blan*'' Men yo pa rive antann yo. Ekri yon tèks pou esplike yo vrè sans pwovèb sa a.
- Yon jou, pandan w ap soti nan yon zòn pou ale nan yon lòt, machin ou te ladanl lan kole nan yon labou. Rakonte kouman sa te pase.

Dwa timoun yo

Nan fen ventyèm syèk la, anpil moun konsekan te vle pran defans timoun yo parapò ak frajilite yo ansanm ak abi yo sibi anba anpil granmoun. Konsa, nan lane 1989, Oganizasyon Nasyonjini (ONU) adopte yon konvasyon sou dwa timoun. Te gen 150 peyi ki te ratifye li epi bay asirans yo ta pral mete li an aplikasyon. Men kèk nan dwa fondamantal timoun yo :

1. Dwa pou yo gen non ak yon nasyonalite.
2. Gen yon fanmi ki antoure yo.
3. Jwenn respè nan men grandèt yo.
4. Libète pou yo di wi ou byen non
5. Libète pou yo chwazi relijyon yo vle
6. Dwa pou yo toujou jwenn manje
7. Jwenn yon kote pou yo jwe, chante, danse
8. Dwa pou yo pa patisipe nan lagè ni sibi move konsekans li yo.

Pou soutni kòz timoun yo, solidarite entènasyonal la pote èd bay enstitisyon espesyalize Nasyonjini yo tankou UNICEF ak UNESCO bay tèt yo misyon pou pwoteje dwa timoun yo epi amelyore kondisyon lavi yo sou tout pwèn. Li mete sou pye gwo pwogram vaksinasyon mondyal, distribye vitamin bay timoun piti, fasilite yo jwenn dlo trete, pou yo pa kontamine ak move maladi epi byen grandi. UNESCO sou bò pal, kontribye nan zafè lasyans, lakilti ak ledikasyon pou timoun.

Malgre tout efò sa yo, lavi anpil timoun nan lemond pa miyò pase sa, sito pa bò lakay pa nou. Li lè pou tout Ayisyen konsekan kole zepòl pou fè respekte dwa timoun nou yo kòm sadwa.

Celestin Lorry Raphaëla, Bòn Nouvèl

Kesyon sou tèks la 40 p

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 a 3.

1. ONU adopte yon konvasyon sou dwa timoun nan lane
a. 1998 b. 1899 c. 1989 d. 1889
2. Tout fraz anba yo esplike misyon UNICEF pou amelyore kondisyon lavi timoun yo, sof yon sèl. Kilès?
a. Programm vaksinasyon mondyal.
b. Distribisyon vitamin bay timoun yo.
ch. Distribisyon anpil manje pou timoun yo.
d. Distribisyon dlo trete pou timoun yo.
3. Daprè tèks la, menm avèk entèvansyon òganizasyon sa yo lavi anpil timoun nan peyi a pa amelyore. Pati ki bay enfòmasyon sa a se
a. premye paragaf la.
b. dezyèm paragaf la.
ch. twazyèm paragaf la

d. premye ak dezyèm paragaf la.

4. Nan tèks la, otè a mande pou tout ayisyen konsekan kole zepòl ... eksplike sa livle di nan ekspresyon sa a.
5. Ekri twa fraz pou bay pwennvi w sou kondisyon lavi anpil timoun nan peyi a.

Ekri nan kaz repons la, lèt kolòn B a ki koreponn ak chif kolò a pou kesyon 6 rive 8.

6. Jwenn yon sinonim pou chak mo sa yo.

A		B	
Mo		Sinonim	
peri	1	a	malouk
tchak	2	b	depafini
pèseptè	3	ch	lestomak
kòlèt	4	d	kolektè
		e	bouke

Repons 6	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

7. Asosye yon konpleman sikonstans pou chak fraz sa yo.

A		B	
Fraz		Konpleman sikonstans	
Manman Nadèj pap achte rad pou li jiskaske l fè bèl mwayèn	1	a	tan
Mèt la pini w paske w pa fè devwa w.	2	b	konsekans
Ou pral fè twazyèm akondisyon ou pase.	3	c	kòz
Se pou travay byen lekòl la nan dizan ankò pou ka vini yon enjenyè.	4	d	bi
		e	lye

Repons 7	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

8. Jwenn yon aspè ki mache ak chak fraz sa yo. 20p

A		B	
Fraz		Aspè	
Madan Josèf vin travay chak jou.	1	a	pwospektif
Elèv li yo fin resite.	2	b	akonpli
Yo pral fè devwa a.	3	ch	iteratif
Mèt Kadè ap anseye nan 9 ^e ane a.	4	d	enkoratif
		e	inakonpli

Repons 8	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

9. Men 2 mo etikèt. Jwenn nan lis sa a mo ki nan menm tèm ak yo chak.

twoup – libète – konstitisyon – lagè – dwa

demonkrasi

lame

10. Pami fraz sa a yo, souliye sa ki gen pwonon relatif la.

- a. Balon foutbòl la kwoke nan branch yo.
- b. Elèv ki dekwoke li ap resevwa yon gwo rekonpans.
- ch. Match la ranvwaye.

11. Endike nan parantèz yo si fraz sa yo sou fòm: *negativ, afimativ, anfatik*

- a. Natacha pa renmen fè lekti. (fòm)
- b. Se elèv nevyèm ane yo ki fè bèl nòt.(fòm)

12. Bay nati pwonon ki souliye yo nan fraz anba yo.

- a. Natanayèl pa jwenn liv li a mwen prete li pa mwen an.
- b. Yo sere li men Natanayèl wè li.

13. Ekri kantite grafèm ki nan chak mo sa yo nan parantèz yo.

- entèvansyon () espesyal ()
- enstitisyon () òganizasyon ()

14. Li tèks sa a byen epi korije mo ki mal ekri yo dapre òtograf ofisyèl kreyòl ayisyen an.

Yon latrie timoun k ap vive nan pei soudevelope yo pa ale lecòl. Yo eksploite kouraje timoun sa yo pou yon ti kal lajen epi nan kondisyon ki pa bon pou mete minm zannimau.

15. Chwazi youn nan sijè sa yo epi trete l nan liy anba yo. (15 a 20 liy)

1^o) Nan peyi d Ayiti, tout timoun pa jwi menm privilèj nan zafè dwa timoun. Ekri yon tèks pou eksplike pou kisa. Agimante opinyon w avèk kèk egzanzp.

2^o) Lè lapli fin tonbe sitou nan Pòtoprens, dlo pote ale nan lanmè tout bon tè nou yo. Ekri yon tèks pou eksplike sa

ki lakòz pwoblèm sa a epi ki konsekans sa ka genyen sou abitan yo.

Jèn yo merite plis atansyon!

Lontan menmsi pa t gen anpil elekrisite, men chak kote ki te gen biznis, randevou a te toujou kase anba ti biznis sa a pou yo vin kraze bèt. Alòske kounye a bagay yo vin chanje. Jèn yo pa gen anvi etidye ankò, jèn yo pè, yo pa bat nay ankò pou prepare egzamen. Gen anpil jèn kounye a tou se anpil presyon pou paran yo ba yo pou yo ale lekòl. Sa vin pa enterese yo ankò. Pa gen afè gwoup lekòl ankò, se baz ki genyen. Menm si pa gen kouran, men li te mèt nan fènwa w ap toujou wè you gwoup jèn kanpe oubyen chita nan fènwa a. Jèn sa yo pa gen ni liv ni kaye nan men yo. Men kisa y ap fè nan fènwa sa a?

Sou chak 100 ayisyen k ap viv 60 nan yo se jèn. Lè nou di jèn, nou wè dabò moun ki poko gen 25 rekòt kafe sou tèt yo. Men jèn vle di tou: 'Lespri jèn' sa vle di tou enèji, dinamis, kè kontan, vle jwi lavi a, renmen espò, dans, mizik cho, renmen bagay modèn tankou telefòn selilè, òdinatè, televizyon, renmen fè zanmi, renmen laverite, rayi lenjistis, renmen aprann metye. Sa ki pi enpòtan pou jèn yo se bay lavi yo yon sans. Jèn yo renmen fouye zo nan kalalou, eseye nouvo mòd, yo renmen gen lajan pou yo viv alèz, yo vle chavire tradisyon granmoun lontan yo tèt anba, pou yo fè espriyans pa yo.

Sou chak 100 moun k ap pran kanntè oubyen pase anba fil, 80 nan yo se jèn. Move lavi fè yo pran kouri kite peyi yo pou al chache yon moso pen ki pa fin kanni nèt lakay vwazen oubyen kay tonton Sam. Pafwa jèn sa yo konn kouri pou lapli epi yo ale tonbe nan yon gran larivyè ki neye yo. Lè sa a anpil kesyon k ap poze. Ki moun k ap panse pou jèn nou yo? Dapre refleksyon jèn yo sou kriz peyi a, yo wè, kriz peyi a pa sèlman yon kriz politik. Lè yo gade sosyete a, nan jan yo wè moun yo viv, yo wè se yon kriz sosyo ekonomik ki vin yon benefis pou politisyen yo. Kriz peyi a ap sibi a lakòz l ap fè bak de jou an jou. Men, se tout ayisyen ki pou met tèt ansanm pour rezoud li. Yo wè kriz peyi a tankou yon pwoblèm ki pa gen solisyon, paske politisyen yo, se tèt yo sèlman yo wè. Sa vle di se enterè pa yo y ap defann. Jèn yo wè kriz peyi a kòm yon kriz ki vin ogmante soufrans pèp ayisyen an pi plis.

Tèks sa a soti nan journal Bòn nouvell desanm 2013

Kesyon sou tèks la

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 a 3.

- Dapre tèks la, otè a itilize tonton Sam pou l konpare
 - Ayiti ak Dominikani
 - Ayiti ak Lafrans
 - Ayiti ak Etazini
 - Ayiti ak Matinik
- Tout lis sa yo dekri karakteristik 'lespri jèn' sof youn. Kilès?

- Plen enèji ak dinamis.
- Renmen plezi ak lenjistis
- Kè kontan ak rejwisans.
- Renmen espò ak mizik cho.

- Dapre tèks la, jèn yo kouri kite peyi d'Ayiti pou ale kay vwazen oswa kay Tonton Sam pou koz:
 - ekonomik
 - Politik
 - ch. relijyon
 - sosyo-kiltirèl
- Kisa ki fè lekòl pa twò enterese jèn yo ankò?
- Ki konsèy otè a bay sou pil kriz k ap bwase bil peyi a?

- Relye chak mo ak antonim li.

A	
Mo	
libere	1
desann	2
ogmante	3
simen	4

B	
Antonim	
a	diminye
b	kondane
ch	libète
d	monte
e	rekòlte

Repons 6	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

- Pou chak fraz sa yo, jwenn nati mo souliye a.

A	
Mo souliye	
Mwen kontan wè ou	1
Manman mwen pa la	2
Mwen twonpe mwen	3
Jèn fi sa a pa sou lekòl.	4

B	
Nati yo	
a	Adjektif posesif
b	Pwonon posesif
c	Pwonon pèsone
d	Pwonon reflechi
e	Adjektif demonstrif

Repons 7	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

- Jwenn yon orijin pou chak mo sa yo.

A	
Mo	
Sanba	1
ounfò	2
Mereng	3
Vyewo	4

B	
Orijin	
a	Anglè
b	afriken
ch	Panyòl
d	Fransè
e	Endyen

Repons 8	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

- Klase mo sa yo nan lòd alfabetik.
Kanni, kann, kannal, kannistè, kanntè, kan, kannòt

10. Korije mo ki mal ekri yo nan liy anba yo dapre òtograf ofisyèl kreyòl la.

Nan fanmiy yo, jèn yo rancontre anpil pwoblèm, sitou si fanmiy yo pa gen tròp gwo mwayen. Parfois yo exige yo pou yo ale travail, paske pwovèb la di: “*Bourique fè pitit se pou do li poze*”

11. Ekri 2 tan ou jwenn nan fraz sa a.

Lè jèn yo fini klas yo ya aprann metye.

12. Antoure advèb de manyè a ki nan fraz sa a.

Elèv yo rete dousman nan klas la.

13. Idantifye “gwoup mobil” ki nan fraz sa a epi mete li nan yon lòt plas pandan w ap reekri fraz la.

Nan respè youn pou lòt, gwoup jèn yo ap travay ansanm.

14. Ki figi estil ou jwenn nan chak fraz anba yo. Itilize sa ki nan parantèz yo.

(konparezon, metonimi, antitèz, pèsonifikasyon)

a. Yon van awoyo pran souflete branch bwa yo.

b. Moris Sisto yon avèg ki wè klè.

15. **Chwazi youn nan sijè sa yo epi trete l nan liy anba yo. (15 a 20 liy)**

1°) Ou gen yon zanmi w ki pa sou lekòl ditou. Li di ale pa bay anyen kounye a. Ekri l pou ankouraje l pandan w ap montre enpòtans lekòl.

2°) Fè deskripsyon (pòtre) yon atis oswa yon pèsonaj ou konnen epi ou renmen. (Non li, nasyonalite li, kijan li ye, abiman, kwafi, kalite li, defo li...)

Nasyonzini

Nasyonzini se yon òganizasyon tout npeyi yo kreye pou garanti lapè sou tout sifas tè a. Se te nan lane 1945, apre dezyèm gè mondyal, plizyè peyi te mete yo dakò pou kreye òganizasyon sa a. Ayiti se youn nan peyi manm fondatè LONU. Nan ane 2014 la, Nasyonzini genyen 69 lane depi l ap feraye. Biwo Nasyonzini se nan vil Nouyòk, peyi Etazini li chita. Se yon sekretè jeneral k ap dirije l. Sekretè jeneral la resevwa lòd yo nan men konsèy sekirite a ki se ògan direksyon Nasyonzini, pi gwo enstans la apre asanble jeneral la.

Dapre manman lwa fondasyon Nasyonzini, tout peyi yo reyini pou pwomosyon ak defans lapè, pou fè lantant ak lakonkòd blayi toupatou, kidonk anpeche nasyon yo tonbe yon lòt fwa nan lagè. Ala yon bèl misyon! Tout nasyon ta dwe viv e devlope nan konpreyansyon youn lòt pou misyon sa a ta rive reyalize. Pou Nasyonzini ka rive reyalize objektif li yo, li kreye plizyè lòt ajans ki fòme yon fanmi, yon sistèm, nou ka rele yon fanmi Nasyonzini. Sistèm Nasyonzini an gen anpil ajans, men de twa nan yo: UNESCO, OMS, FAO...

UNESCO, òganizasyon mondyal lasyans ak lakilti. Pou tout kesyon lasyans ak lakilti nan lemond, se òganizasyon sa a ki la pou pote kontribisyon li bay peyi yo pou pwomosyon, devlopman ak defans yo. Pa bò isit youn nan patrimwàn nou yo, Sitadèl Kristòf la nan Nò peyi a, ki klase nan patrimwan mondyal. Se UNESCO ki te bay tout bourad li pou sa. Ajans sa a okipe tou pou fè pwomosyon “Deklarasyon inivèsèl dwa tout kreyen vivan”, ki rekonèt tout dwa fondamantal yo : dwa pou moun manje – dwa pou moun viv ansante – dwa pou moun kominike libèlibè, elatriye. Yo selebre dwa moun chak 10 desanm.

FAO, se òganizasyon mondyal pou lagrikilti pou grangou. Ajans sa a pote konkou li bay tout peyi ki bezwen èd ak eksperyans pou konbat grangou. Chak 24 oktòb, yo selebre jounen mondyal alimantasyon, dwa pou tout moun jwenn lasante se yon lòt dwa fondamantal tout kreyen vivan. OMS, se yon lòt ajans nasyonzini ki okipe pou fè pwomosyon, kowòdone, ankadre, akonpanye tout peyi nan zafè lasante. Se 7 avril yo selebre jounen mondyal lasante.

Tèks sa a soti nan liv kominikasyon kreyòl, Maxeau Edouard, 5èm AF, Edikasolèy Adaptasyon

Kesyon sou tèks la

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 a 3.

- Tèks ou sot li a se yon tèks
 - enjonktif
 - agimantatif
 - enfòmatif
 - deskriptif

- Dapre tèks la, branch nan Nasyonzini ki responsab pou fè pwomosyon lasyans ak lakilti a se 8p
 - ONU
 - OMS
 - FAO
 - UNESCO
- Dat yo selebre jounen mondyal alimantasyon an se: 8p
 - 7 avril
 - 1^e me
 - 24 oktòb
 - 10 desanm
- Depi kilè peyi d Ayiti fè pati Nasyonzini.
- Dapre tèks la, kisa Nasyonzini fè pou li kapab rive atenn objektif li yo?

Ekri nan kaz repons la, lèt kolòn B a ki koresponn ak chif kolòn A a pou kesyon 6 rive 8.

- Jwenn mo fanmiye ki mache ak chak mo soutni sa yo.

A	
Mo soutni	
pye	1
bouch	2
fès	3
jouda	4

B	
Mo fanmiye	
a	dèyè
b	zago
ch	landyèz
d	bouchon
e	bèk

Repons 6	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

- Bay kalite advèb ki mache ak chak lis advèb sa yo. 12p

A	
Advèb	
dousman, vit, rapid, byen	1
yè, jodi a, demen, kounye a	2
Anwo, dèyè, anba, deyò	3
pa, jamè, nonplis, janm.	4

B	
Kalite advèb yo	
a	advèb tan
b	advèb manyè
c	advèb negasyon
d	advèb lye
e	advèb kantite

Repons 7	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

- Jwenn figi estil ki mache ak chak fraz sa yo.

A	
Fraz	
Rachèl se yon vòlkan	1
Ou tande nan de zòrèy.	2
Manman m di m ale, papam di m rete	3
Se ou menm menm ki trayi m	4

B	
Figi estil	
a	perifraz
b	antitèz
c	pleonas
d	metafò
e	anfaz

Repons 8	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

- Klase mo sa yo nan lòd alfabetik. 8p

Direksyon, dirije, ditou, dikte, direktè, diri, dirabilite, dimanch

10. Koriye mo ki mal ekri yo nan tèks sa a nan liy anba yo dapre òtograf ofisyèl kreyòl la.

Si tout timoun sou latè ta joinn chans pou yo ta ale lekòle, yo t ap aprann li, konte, kalkile, reflechi, konprann, fè eksperyans, grandi, progrese nan lavi a. Demain yo t ap vini sitoyen fòme pou sosyete a.

11. Antoure “gwoup mobil” ki nan fraz sa a.

Paran yo pa t janm vle voye pitit fi yo lekòl nan tan lontan.

12. Transfòme fraz diskou dirèk sa a nan fraz diskou endirèk.

Fabyèn di: “*Papa, w ap voye m lekòl ane sa a nan lekòl ki tou pre lakay la*”

13. Ekri 2 mo derive pou chak mo sa yo.

Plant:

Chouk:

Debake:

Fòme :

14. Men yon fraz, ansèkle pwonon reflechi a ladann.

Alo! Eskize m, m twonpe m de nimewo.

15. Chwazi youn nan sijè sa yo epi trete l nan liy anba yo. (15 a 20 liy)

I– Rakonte yon match foutbòl ou te swiv sou televizyon ant Ajantin ak Brezil. Pou kilès ekip ou te ye? Ki bèl bagay ki te gen nan match la? Ki ekip ki te kale? Konbyen?

II– Ou resevwa yon bèl kado nan men yon paran k ap viv nan peyi etranje. Ekri li pou di l mès. Montre itilite ak enpòtans kado a pou ou.

Dat, mo politès, remèsiman, salitasyon, siyati

Liberasyon fanm

Alèkile gen anpil fanm k ap batay san pran souf pou fini ak diskriminasyon kont fanm. Kèk nan asosyasyon fanm yo, konsidere gason yo tankou advèsè ki pa bay fanm chans pou travay ak rantrè nan konpetisyon ak yo. Gwoup fanm sa yo kwè gason yo ap kontinye egzije pou fanm yo rete lakay, pou yo fè tout bagay nan kay la ak pran swen timoun yo. Mwen menm, mwen pa kwè okenn fanm modèn renmen pou yo trete yo tankou moun ki pa kapab travay nòmalman nan mitan gason yo. Epitou, li pa logik pou fanm jodi a ap touche pi piti kòb pase gason yo pou yon menm travay. Bagay sa yo ak lòt enjistis sosyal pouse fanm yo kanpe pou defann dwa yo.

Dapre mouvman fanm sa yo, pa twò lontan gason yo gen pou aksepte fanm yo patisipe nan tout aktivite sosyete a, pou yo kapab kraze koze ki vle fè kwè gason siperyè fanm, fanm pa gen pou l mache dèyè gason poutèt li se fanm ase. Toutotan sa poko fèt; fanm gen tout dwa l pou l kontinye goumen pou jwenn libète l.

Gen lòt moun ki kwè batay sa a p ap janm fini paske depi nan kòmansman, medam yo te pran move direksyon nan panse fanm yo kapab egal ak gason. Apre yo te fin sibi pandan lontan anpil opresyon, yo vin konfonn egalite ak idantite. Yo vle vin kouwè gason. Kouran feminis sa yo pa rann yo kont se ranfòse y ap ranfòse maskilinite a bagay ki vin kraze ekilib pèsonek ak ekilib sosyal. Olye pou yo ta libere fanm yo nan fè yo vin fanm vrèman vre ak tout sa yo genyen nan yo kòm richès pa yo, nan tout sa yo genyen kòm moun: nan jan kò yo ye, nan jan yo panse ak nan jan yo aji ki detèmine misyon yo nan vi fanmi an ak nan sosyete a; yo vin double tandans maskilen an.

Yo antre nan yon lese frape ak anpil fraka tankou an Almay 1938, oswa nan yon ti dife boule anba-anba kouwè nan kèk peyi aksidental yo; bagay “Gertrude Van Lefort” denonse tankou yon gwo malè pou epòk nou an. Konsekans yo grav; divèjans lan ap pi gran ant kopntinye mache nan move nan move direksyon an ak liy dwat nou ta dwe rete ladan l lan, pou respekte nati a ki fè fanm ak gason diferan, kote pou youn konplete lòt.

(Tradiksyon, Seme Jean Genèse)

Kesyon sou tèks la

Antoure lèt ki devan bon repons lan pou kesyon 1 a 3.

1. Kèk asosyasyon fanm kwè gason yo egzije fanm yo fè tout aktivite sa yo, sof youn, kilès?
 - a. Fè pitit
 - c. Pran swen timoun

- b. Travay lakay
- d. Travay nan biwo

2. Dapre tèks la, gen moun ki panse batay ant fanm ak gason p ap fini paske medam yo
 - a. pi plis pase gason yo.
 - b. pran yon move direksyon
 - ch. fè pi piti klas pase gason yo.
 - d. pa rive antann yo ak gason yo.
3. Otè a animere tout sa fanm yo genyen nan yo kòm richès, sof youn. Kilès?
 - a. Nan jan yo panse
 - ch. Nan jan yo travay
 - b. Nan jan yo aji.
 - d. Nan jan kò yo ye.
4. Dapre oumenm, èske sityasyon yo toujou rete menm jan jouk jounen jodi a ? Pou kisa?

5. Jwenn konsèy otè a bay gwoup fanm k ap goumen pou vin egal avèk gason yo.

Ekri nan kaz repons la, lèt kolòn B a ki koresponn ak chif kolòn A a pou kesyon 6 rive 8.

6. Jwenn yon sinonim ki mache ak chak mo sa yo.

A	
Mo	
batay	1
egare	2
kontan	3
maltete	4

B	
Sinonim	
a	entatad
b	goumen
ch	matirize
d	batayè
e	rejwi

Repons 6	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

7. Jwenn figi estil ki mache ak chak fraz sa yo.

A	
Fraz	
Tout kay la gen grip.	1
Nèg sa a se yon chat.	2
M wè blan ou wè nwa.	3
Wont pi lou pase ak saksèl.	4

B	
Figi estil	
a	antitèz
b	metafò
c	iwoni
d	metonimi
e	konparezon

Repons 7	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

8. Jwenn yon fonksyon pou chak moso ki nan fraz sa a. 16p
Fanm nan blese tèt li ak yon kouto.

A	
Moso Fraz	
Fanm nan	1
Blese	2
Tèt li	3
Ak yon kouto	4

B	
Fonksyon	
a	Pwonon reflechi
b	Pwonon pèsonek
c	Gwoup sijè
h	
d	konpleman objè endirèk
e	Predika vèbal

Repons 8	kolòn A	1	2	3	4
	kolòn B				

9. Ekri fraz sa a nan fòm kontrakte.
Si mwen te konnen se sa ou te ap di mwen, mwen pa ta ap vini kote ou.
10. Ekri yon mo derive pou chak mo sa yo.
Patisipe:
Egzije:
Travay:
Maskilen:
11. Koriye mo ki mal ekri yo nan espas anba a.
Se jodia m pa ouè pye flamboyant k ap souke tchatcha li nan van, toutouèl k ap roucoule, rosignol k ap chante.
12. Ansèkle gwoup mobil ki nan fraz sa a.
Jounen jodi a, fanm yo vle granmoun tèt yo.
13. Jwenn epi ekri nan liy anba a 2 tan ki genyen nan fraz sa a.
Si tout manman yo te met tèt yo ansanm ak papa yo sa t ap bon pou fanmiy yo anpil.
14. Fèfraz diskou endirèk sa a tounen yon fraz diskopu dirèk.
Direktè lekòl la mande elèv yo si yo byen konpoze nan egzamen an.
15. Chwazi youn nan sijè sa yo epi trete l nan liy anba yo. (15 a 20 liy)
- 1°) Nan zòn kote ou rete a, gen yon asosyasyon fanm ki te fè yon bèl fèt pou tout manman yo. Ou te asiste, rakonte kijan sa te pase.
- 2°) Envite yon zanmi w ki nan pwovens oswa Pòtoprens vin pase vakans avèk ou. Di ki pwojè ou fè pou li. Sa w ap ba l manje? Ki kote ou pral vizite avè l ? Elatriye.

Lasante se pi gwo kado Bondye kapab bay lèzòm. Gen timoun ki malad depi nan vant manman yo. Genyen ki malad depi premye jou yo fèt. Genyen lòt, yo pa menm ka rive nan laj senkan, maladi gentan mennen yo anba tè.

Si ou pa gen lasante, ou pa ka ale lekòl, ou pa ka ale travay. Lè ou malad, kè ou pa kontan, bouch ou pa gou, ou pa santi ou ap viv tout bon vre. Lè ou pa viv an sante, avni ou pa asire, fanmi ou ap viv ak kè kase.

Lè ou gen lasante, menmsi ou gen laj ou sanble ak yon jèn ti pòy oswa yon jenn ti gengenn. Lè ou viv an sante, tout moun kontan wè ou. Tout fanmi ou, zanmi ou santi y'ap viv nan ou. Yo wè se youn jaden lespwa k'ap fleri pou bay fwi nan tout sezon. Lè ou viv an sante afè ou mache pi byen, kit se lekòl, kit se travay oswa biznis ou.

Lè ou santi kò ou pa bon, kouri ale kay doktè. Se pou pwoteje sante Bondye ba ou a epi dil' mèsè pou richès sa a.

Kesyon sou lekti a.

- 1– Ki avantaj moun ki an sante genyen ?
- 2– Bay kontrè mo sa yo oswa gwoup mo sa yo.

Lasante :	Travay :
Kè kase :	Kontan :
Pwoteje :	
- 3– Gen timoun ki mouri bonè paske:
 - a. Manman yo mal manje.
 - b. yo pa jwenn manje pou yo manje.
 - ch. malfèktè touye yo.
 - d. maladi touyt yo.
- 4– Lè ou santi kò ou pa bon ou dwe :
 - a. maje anpil c. bwè anpil dlo.
 - b. al ka doktè d. dòmi pi bonè
- 5– Rezime tèks la.

GRAMÈ – VOKABILÈ – ÒTOGRAF

- 6– Chwazi de mo pou konplete fraz la. nan de klas ... ki pi byen travay.
- 7– Pase yon trè anba predika ki nan fraz sa a. Frèm' yo sou dlo kay la
- 8– Mete fraz sa a sou fòm diskou endirèk. Sèvant la di : “*Mwen fatige, senti m'ap fè m' mal, mwen bezwen repo*”
- 9– Ekri ki figi estil nou jwenn nan fraz sa a: “Ti nèg sa a se yon etwal nan fanmi li.”
- 10– Tradwi fraz sa yo an fransè.

- 1. M'pa moun isit, m'se moun lòlbò”.
- 2. Chen an jape tout lannwit.

- 11– Chache varyasyon mo sa yo : pwason – pijama – ouvri – pánye – paryaj
- 12– Bay esplikasyon pwovèb sa a : “*Bourik fè pitit sepou dol' poze*”
- 13– Ekri douz (12) mo ki gen “w” ak “y” anedan yo.
- 14– Dekoupe fraz sa a an kat moso. “Manman m' vin lavil chak samdi.”
- 15– Ou gen yon moun nan fanmi ou osinon yon lòt moun ou konnen ki pa viv an sante, dekri moun sa a.

Yon jou, yon sitwayen deside met men pou relve askanp figi peyi l' k' ap depafini. Li bay byenviv randevou nan kafou kè kontan. Li mande lamizè k' ap toufounen peyi a yon chans. Li jwenn yon delè twazan. Nèg la al nan yon rakwen peyi a kote zefè moun yo pa bon ditou. Li reziyen l' mete yon bon ti kòb deyò. Li pran nèg, ba yo djòb. Li achte jounen, li lage kò l' nan agrikilti. Kote lapli pa tonbe, li peye moun kanalize dlo larivyè a. Li peye yo pou yo wouze jaden. Chak samdi li fè règleman ak yo. Tout kanton an kontan. Tout manman pitit, papa pitit monte chodyè. Piti kou l' piti, chak samdi, tout fanm nan kanton an ka mete pye nan mache. Aktivite yo ap mache byen. Moun dòmi ak lespwa. Anpil rejyon vini pran poul. Kapab li fè ! Lòt moun nan lòt zòn pran egzanzp. Egzanzp yo fè pitit. Rejyon pa rejyon, nèg tanmen mete men, chache bout latè nan fè jaden. Konsa, sa ap mache.

Men plan malveyan tonbe boujonnen. Jwèt la twò bèl pou peyi. Move zèb pouse toufe bon zèb. Kèk abitan kòmanse gen gwo tanta. Yo mache fè konnen mèt gwo jaden sa yo ap peze pèp la. Yo kase bwa move je nan zòrèy abitan. Yo lala yo, yo pote yo kwè se piyay y'ap bay, nan travay pou ti kòb. Abitan kòmanse chache kont. Yo pa vle travay menm jan avèk avan. Yo travay ak kò kraz, yo fè kalewès. Gwo lide ti memwa, yo menm pote zam sou yo. Y' ap mande pou yo fè grèv.

Lè sezon rekòt, ankenn moun pa mete pye, nèg la pèdi rekòt la ak tout benefis. Yo di yo p' ap travay mete kòb nan pòch grannèg. Konsa li fè fayit. Tout bagay kraze. Bon pye l' ki fè li pa pèdi tout manman lajan an li te mete deyò a.

Kesyon sou tèks la

1. Chwazi bon repons la.

Tèks sa a se yon tèks:

- a. enfòmatif b. desdriptif c. eksplikatif d. naratif

2. Fè plan tèks la.

3. Kilès nan pwovèb sa yo ki koresponn ak sans tèks la.

- a. Kòfrefò pa suiv kòbiya
 b. Atansyon pa kapon
 c. Yon sèl dwèt pa manje kalalou

4. Ki leson nou tire lè nou fin li tèks la?

Vokabilè – Òtograf – Gramè – Pwodiksyon ekri.

5. Fòme yon lòt mo avèk lèt ki nan chak mo sa yo.

Egzanzp: tonbe bonte

- a) Chat :..... b) Fèy: c) Lavi:

6. Remplase mo souliye yo ak lòt ki genyen menm sans al yo. (10 pwen)

- a. Depi nèg sa yo la fòk gen kabouya.

Se pati enpètinan
 Wilkens anpenpan jodi a.
 Li depatya l' an 5 mòso

7. Ekri non 4 moso ki nan fraz sa yo.

“*Timoun yo netwaye chanm nan chak maten*”.

8. Fè yon fraz konplèks ak 2 fraz senp sa yo.

- a. Krapo a gonfle kò l'.
 b. Li pete pòf.

9. Ekri figi estil ou jwenn nan fraz sa a: «*Larivyè a ap dò ni.*»

10. Konplete fraz sa a ak yon predika adjektival: Refleksyon sa yo....

11. Konplete ti dyalòg sa a ak pwòp mo pa ou.

- Mezanmi ; mwen
 – Podyab ! ou
 – Enhen !
 – Enhen !

12. Ekri tèm ki gen rapò ak chak lis mo anba yo:

- a. tabourè, kanape, ofis, tab, plaka:
 b. woz, lorye, lila, choublak, bougenvilye:

13. Men yon fraz: «*Abitid se vis*». Eksprime menm lide ki nan fraz la avèk mo pa ou. 10 p

14. Yon jou ou te gen okazyon obsève solèy la k'ap leve oswa kouche. Dekri youn nan sitiyasyon sa yo. (15 liy).

Antwanèt se dezyèm pitit fi manman l'ak papa l'. Li se moun Limonad. Men depi douz lane, li abite okap. Li nan klas 9^e ane fondamantal nan Lise Filip Gèrye.

Antwanèt genyen katòzan. Kidonk, li pa gen anpil rekòt kafe sou tèl li. Konsa, li pako kapab fè gwo refleksyon sou fason moun yo te viv nan tan lontan, ni non plis tou sou kalite lavi ki ap tann jenerasyonki ap vini apre yo.

Grann Antwanèt t'ap viv nan menm kay avèk li nan vil la. Li se pitit de abitan ki t'ap viv andeyò bouk limonad. Grann Antwanèt maton anpil nan rakonte istwa. Li toujou ap rakonte Antwanèt kouman lavi a te ye lontan. Anmenmtan, li konn eseye fè konparezon ant lavi epòk lè li te jenn avèk kalite lavi kounyeya.

Grann Antwanèt rakonte li plizyè istwa. Pa egzansp, li di lè li te jenn, pa te genyen ni machin, ni aparèy ki mache ak kouran tankou vantilatè, televizyon, blenndè, elatriye. Men lè pa t' genyen anpil moun rich, pi fò nan yo te gen dekwa pou manje, abiye, epi tou yon kote pou pare lapli. Prèske, chak swa, tout abitan nan kanton an rasanble pou distrè yo. Pou tout moun kapab jwi anbyans la pi fasil, yo chita an wonn. Kòm lannuit moun yo konn santi fredri, chak abitan pote yon moso bwa pou yo kapab limen yon boukan dife nan mitan wonn nan. Epi touswit apre, plezi a kòmanse: yo chante, yo tire kont, yo rakonte bèl ti istwa eksetera...

Lontan, pa te genyen anpil vil. Kidonk, pi fò moun t'ap viv andeyò. Konsa, pa t' genyen okenn bri mote machin oswa moulen ki te konn anpeche yo dòmi lannuit. Abitan yo ak lanati se kòkòt ak figawo tèlman youn te zanmi lòt. Pa egzansp, yo pa t' janm koupe pyebwa, yo te kenbe larivyè ak sous dlo yo toujou pwòp, yo te pwoteje lavi zannimo yo eksetera... Yo pa t' konn vwayaje nan gwo bato oswa avyon, men nou kapab wè anpil bèl objè atis lontan yo te konn reyalize. Yo te konn manje fwi natirèl, e yo te viv an sante plis pase tan jodi a. Yo te viv tankou yon sèl kòt fanmi. Youn te gen respè pou lòt. Tousa te pèmèt yo viv pi byen, nan lapè ak trankilite

Malgre tout bagay, nou dwe rekonèt sosyete kounyeya fè kèk pwogrè tou. Pa egzansp nan domèn lansante, yo rive jwenn tretman pou yon pakèt maladi ki te konn touye moun lontan, yo rive mete dlo potab. Granmesi lasyans ak teknoloji a, yo rive fè yon seri aparèy pou travay late oswa bati gwo bilding pi fasil elatriye... Sèl bagay, gen yon gwo pwoblèm ki sanble ap vin pi grav p plis chak jou espesyalman nan gwo vil yo: se pwoblèm degradasyon anviwònman an. Si nou pa pran bon jan dispozisyon pou rezoud prese prese pwoblèm ekolojik sa, lavi nou e menm lavi pitit oswa pitit pitit nou ap kontinye menase.

Nou kapab konprann, grann Antwanèt menm jan avèk pi fò moun ki gen menm laj avèk li, genyen anpil konesans sou istwa peyi a, sou kalte lavi tan lontan an. Moun ki konn ekri liv sou istwa peti a toujou al ranmase enfòmasyon nan bouch granmoun lontan sa yo pou yo konpare yo ak enfòmasyon yo jwenn nan liv. Kidonk, yon granmoun ki gen plizyè rekòt kafe sou tèl li se yon boul lò. Se poutèt sa anpil moun toujou di: «Lè granmoun lontan mouri se tankou yon bibliotèk ki boule»

1. Bay siyifikasyon ekspresyon sa yo genyen nan tèks la.
 - a. Kòkòt ak figawo
 - b. Kote pou pare lapli
 - c. rekòt kafe
2. Fè yon konparezon ant kalite lavi tan lontan an avèk kalite lavi kounyeya (sèvi ak enfòmasyon ki nan tèks la)
3. Bay ide enpòtan ki nan 6^e paragraph tèks la: 1 pwen
4. Fè yon flèch soti nan kolòn agoch la pou montre pwovèb ki gen menm siyifikasyon ak pwovèb ki nan kolòn la

A

- a. Evite miyò pase mande padon
- b. Lè ou bezwen rale fomi, ou simen siwo

B

1. Se bon gou ki mete lang deyò
2. Grenmesi chen, se kout baton
3. Atansyon pa kapon

5. Fè yon trè pou montre eleman kolòn agoch la ki kontrè eleman kolòn adwat la.

a. fredri	1. malad
b. andeyò	2. detwi
c. pwoteje	3. chalè
d. refè	4. lavil
	5. sove
6. Pase yon trè anba gwoup non an «Mwen menm ak papa m' te rankontre li nan lopital la»
7. Fè 2 fraz kote mo «valè» genyen yon sans diferan nan yo chak.
8. Ki figi estil ki nan fraz sa a?
«Blan sa a se yon bon nèg»
9. Sèvi ak «tèt chaje, kole-kole, chita-pale, tèt – kole: pou ou konplete tèks anba a.
 - a. Dapre desizyon ki soti nan
 - b. Ant mèl la ak direktè a, lè elèv yo nan klas, yo kapab chita Men, na
 - c. Egzamen, yo pa gen dwa fè
 - d. Konsa, nenpòt elèv ki pwoche pre yon lòt pandan egzamen an, l'ap tonbe nan

10. Mete fraz sa a nan estil dirèk :
«Antwanèt mande grann li pou li rakonte l'kèk ti istwa»
11. Tradui fraz anba a an franse:
«Malgre tout bagay, nou dwe rekonèt sosyete kounyeya fè kèk pwogrè enpòtan».
12. Chache varyasyon mo sa yo : a. larivyè
- b. abiye
c. touye
13. Fè yon fraz kote « yo » se pwonon pèsònèl konpleman.
14. Rekopye fraz sa a nan tan pase
«zansèt nou yo travay pou yo retire nou nan lesklavaj, e pou yo ba nou lendepondans»

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL
BIWO NASYONAL EGZAMEN LETA/DIREKSYON ANSÈYMAN FONDAMANTAL
EGZAMEN 9^m ANE FONDAMANTAL (JIYÈ 2025)

Non :
 Nimewo dòd :
 Distri :
 Sant egzamen:
 Dire : 2 è

Siyati :
 Sal :
 Zòn :
 Matyè : **Kominikasyon Kreyòl**

Tèks modèl
Men anpil chay pa lou

Yon nonm ki t ap vwayaje nan mòn, rive yon kote li jwenn yon gwo wòch woule, li bare wout la nèt. Pa te gen kote pou li pase ni agoch, ni adwat. Lè nonm nan wè li bloke, li eseye pouse wòch la, men li pa te kapab brannen li.

Lè li wè sa, li chita tou tris epi li di: «Kisa mwen pral fè lè solèy kouche, pou m rete la a pou kont mwen, nan lari a. san manje, san defans, pandan tout bèt sovaj pral sotì pou chache manje? »

Pandan l ap panse konsa, yon lòt vwayajè rive. Li eseye fè sa premye a te fè a, men li pa te gen fòs ase pou woule wòch la. Li reziyen li, li chita tèt bese. Apre sa, plizyè lòt vwayajè vini, men pa gen youn ki te kapab woule wòch la. Lapèrèz te anvayi yo tout (...)

Anfen, youn leve li di :« Mesye frè m yo, kisa nou panse ? Ou kwè sa nou youn pa ka fè pou kont nou an, nou pa ta ka fè li si nou mete tèt nou ansanm?» Lè sa a, yo leve yo tout mete men ansanm, yo woule wòch la, epi yo kontinye wout yo san kè sote.

Nou chak se yon vwayajè, lavi a se yon vwayaj, tèt chaje nou rankontre chak jou sou wout nou se wòch la. Pa gen moun ki kapab woule wòch sa a pou kont li. Men li pa kapab bloke moun ki gen tèt ansanm.

Félicité Robert de Laménais
 Paroles d'un Croyant
 Tradiksyon adapte

I- Kesyon sou tèks la. 20 pwen

A- Li tèks la epi reponn kesyon sa yo sotì nan 1 rive nan 4:

- 1- Idantifye tip tèks sa a. **(5 pwen)**

- 2- Poukisa youn nan vwayajè yo pa te rive woule wòch la pou kont li? **(5 pwen)**

- 3- Gen youn nan vwayajè yo nou ka konsidere kòm yon lidè. Esplike poukisa? **(5 pwen)**

- 4- Esplike poukisa li enpòtan pou nou gen tèt ansanm nan lavi a. **(5 pwen)**

II- Gramè – Vokabilè – Òtograf. 60 pwen

- B- Antoure lèt ki devan bon repons lan sotì nan kesyon 5 pou rive nan kesyon 10.**
- 5- «Li reziyen li, li chita tèt bese.» **(5 pwen)**
 Fraz sa a se yon fraz tip:
 A- Enperatif
 B- Entèwogatif
 Ch- Deklaratif
 D- Esklamatif
 - 6- "Pandan l ap panse konsa, yon lòt vwayajè rive."
 Vèb ki souliye nan fraz sa a, nan tan ak aspè: **(5 pwen)**
 A- Prezan akonpli
 B- Prezan inakonpli
 Ch- Pase akonpli
 D- Pase inakonpli
 - 7- "Lavi a se yon vwayaj"
 Figi estil nou gen nan fraz sa a se: **(5 pwen)**
 A- Konparezon
 B- Pèsonifikasyon
 Ch- Metonimi
 D- Metafò
 - 8- Pèsonn pa kapab bare moun ki gen tèt ansanm.
 Mo ki souliye nan fraz sa a se youn. **(5 pwen)**
 A- Neyolojis
 B- Mo derive
 Ch- Mo konpoze
 D- Mo prete

- 9- Men yon lis mo: vwayajè – wout – pwovizyon – malèt – dekouvèt – rankont **(5 pwen)**
 Tout mo sa yo kapab antre nan chan leksikal:
 A- Peyi
 B- Vwayaj
 Ch- Elvaj
 D- Jaden

- 10- Gen youn nan mo sa yo ki pa ekri dapre òtograf kreyòl ayisyen an, se: **(5 pwen)**
 A- Matant
 B- Kouzen
 Ch- Kouzinn
 D- Konpè

Ch Li chak kesyon sa yo epi reponn yo dapre endikasyon yo ba ou yo pou kesyon 11 a 15.

- 11- Transfòme fraz diskou dirèk sa a nan diskou endirèk. **(6 pwen)**
 Li di: «Kisa mwen pral fè lè solèy kouche, pou mwen rete la a pou kont mwen?»

- 12- Pou chak mo anba yo, ekri yon mo derive sou chak trè yo: **(6 pwen)**
 Vwayaj: _____
 Bloke: _____
 Plas: _____

- 13- Ekri nan òtograf ofisyèl kreyòl ayisyen gwoup mo fransè sa yo. **(6 pwen)**
- Le contrôleur: _____
 - Les voyageurs: _____
 - Les marchandes: _____
 - Une ménagère: _____
 - Le superviseur: _____
 - Une solution: _____

- 14- Fè de (2) pwopozisyon sa yo tounen de (2) pwopozisyon endepandan kowòdone. **(6 pwen)**
 "Li reziyen li, li chita tèt bese."

- 15- Pwodui yon fraz ki genyen yon gwoup mobil. **(6 pwen)**

III- D- Pwodiksyon ekri 20 pwen

- 16- Te genyen yon fèt nan lekòl ou lavèy. Nan demen ou rive lekòl la, ou jwenn pòt yo ouvè, men klas ou a an dezòd, li pa ko pare pou resevwa elèv.
 Di nan yon paragraf kisa w ap fè pou pèmèt nou rezoud pwoblèm nan ? 5 a 6 liy. **(10 pwen)**

- 17- **Chwazi youn nan de (2) sijè sa yo epi trete l nan 10 a 12 liy. (10 pwen)**

- 1- Aprè yon lapli fin tonbe, yon chofè ki pa fè atansyon al kole nan yon labou. Tout mesye nan zòn nan te vin ede li pouse machin nan pou li dekole san yo pa fè li peye pou sa. Rakonte kijan sa te pase.
- 2- Yon gwo van ki t ap vante rache yon gwo pyebwa lage nan wout ki antre bò lakay ou, okenn machin pa ka pase. Dekri sityasyon an pandan w ap montre kisa moun yo te fè pou rezoud pwoblèm nan.